


MHEDZISO

 Ndinofara kwazvo kuva pano mangwanani ano nokunzwa kukurudzirwa uku, pandanga ndichiuya papuratifomu. Ndino urombo kuti ndanonoka, asi kuna vanorwara vari kunze uko, mumotokari, namaambureni, uye—uye ndanga ndichiona avo vasina kukwanisa kupinda muno mukati (maona?) ndisati ndapinda muno.

Zvino, handizivi kana hanzvadzi ino—ino mwana muduku, kana vasingakwanisi kudzoka masikati ano. Ndinoda kuparidza manheru ano zvakare, kana Ishe atendera. Kana vasingakwanisi kudzoka kuti mwana aiswe kuna Ishe (ndanga ndakamira kwenguva yakareba zvino), zvakanaka, vaudzei kuti—kuti vaunze mwana iko zvino. Asi kana vachikwanisa kudzoka zvakare hu—husiku—huno, zvingatirerukira. Asi regai vaite zvanokwanisa; kunyangwe zvikava zvipi. Sei, kana vasingakwanisi kudzoka, tichaisa mwana uyu zvino kuna Ishe. Zvino, vose ava... Pandiri kutaura, kana vachida kuuya iko zvino zvakare—ino ndiyo nguva yacho...

Zvino, manheru ano pane chinokosha... ini—ndinoda kutaura pamusoro pomusoro wenyaya manheru ano, mharidzo yokuprofita inoti *Changamire, Ndiyoyi Here Nguva?* Zvino, kana Ishe atendera, ndinoda kutaura pamusoro wenyaya uyu manheru ano: *Ndiyo Nguva Here, Changamire?*—kana kuti *Changamire, Ndiyo Here Nguva?* ndingadaro. Zvino, ndinoda kutora mukana uno pamberi pechechi, unova... Pane zvinhu zvakananda zvakanaitika mazuva mashoma apfuura zvinonongedza ku—kune chimwe chinhu chikuru chandisinganzwisisi. Asi tiri—tinogara... Nzira dzaMwari hadzinzwisisiwi nomunhu, nokudaro tinofanira kufamba nokutenda. Dai aripo aikwanisa kutsanangura Mwari, hapaizova nechikonzero chokuva nokutenda, nokuti iwe—unenge wava kutoziva kare. Asi tinofamba nokutenda.

Uye mangwanani ano ndafunga kuti ndive nomusangano wamazuva ose wokuvhangerwa, nokuti... Ndati shandurei pfungwa yangu pandasvika pano ndichiona vazhinji vakamira, uye vamira kwenguva refu. Zvino, husiku huno, zvichida—vanenge vava vashoma, ndichaenderera mberi neizvi, zvandinoda kutaura.

Pane chinhu chimwe chete chandinoda kuzivisa, vazhinji venyu tiri pamwe chete—tiri pamwe chete navazhinji venyu, chinhu chandanga—chandanga ndisina kukuzivisai masvondo mashoma apfuura; ndechokuti, minyengetero venyu panyaya yomutero yandanga ndinayo nehurumende yakapindurwa. Yakapera. Nokudaro tiri... Ya—yakapera zvino. Sokuziva

kunoita vazhinji venyu, kuti vaindipa mhosva nokuda kwamacheki andaipuwirwa misangano; zvino, vaiedza kuaita angu vachida kundiripisa zvuru mazana matatu namakumi mashanu zvamadhora nokuti ndeangu. Asi akanga asiri; akanga ari emisangano. Zvakare chechi inozviziva; mose munozviziva.

Pokupedzisira, vakazosvika pakuti... (Ndichangokuudzai zvakaitika muchidimbu.) Kwava namakore matatu kana mashanu (angasvika makore mashanu, ndinofunga), tine nyaya iyi, apa nepapo, mamirire angu, nazvose. Asi ndinofara kwazvo kuti havana kundiwanira mhosva pachinhu chipi zvacho, nokudaro havana kundipa mhosva. Nokudaro panga pasina chokundipomera mhosva, chavakataura chete, kusa—kusaziva kwangu pachangu, ndinofunga. Nokusaziva zvakanwanda kwangu pamusoro pomurairo, vaindipa macheki awa; kuti ndiasaine, ndoanyora zita rangu, ndozoaisa mumisangano. Asi zvino, kana ndikanyora zita rangu, anenge ava angu. Munoono? Hazvina mhosva... Vakati, “Wakaita zvakanaka kwazvo kuti u—vachidaro, asi akanga ava ako, ukazoapa ku chechi. Nokudaro paunongoanyora zita rako chete, anobva ava ako; hazvina mhosva kuti akapuwirwa basa rei, anenge apiwa iwe.” Zvino, kana apiwa—mumwe munhu kana achinge anyora kuti “chipo,” zvinenge zvakanaka; asi kana vakanyora kuti *William Branham* (maona?); uye ndikanyora zita rangu paari, zva—zvinobva zvatopera; ndizvo zvazvaiva. Nokudaro vai... Zvino kokupedzisira neminyengetero... .

Zvino nguva shoma yapfuura, munoziva, ivo—ndakaona chiratidzo chomurume mukuru, mutema, akasviba, sohutsi, ane makwati (segarwe) nezviginwe zvendarira achiuya kwandiri. Ndakanga ndine banga duku, rakadai, zvino iye akanga akanyorwa kuti *Hurumende yeUnited States*. Hapana chandaikwanisa kuita, hapana chandaikwanisa; zvino Ishe vakabva vauya, akabva akundwa. Mucharangerira ndichikuudzai nguva yapfuura.

Vakandidaidza rimwe zuva vachida kuti tiwirirane. Uye gweta rangu, VaOrbison vokuNew Albany, novekuIce & Miller vokuIndianapolis vakandidana nokuda kwenyaya yetekisi vakati, “Uya kuno.” Zvino ndakaendako, Hama Roberson, neni, nomudzimai wangu, namatrusters vapachechi pano, nesu tose; takaendako, vakatiudza kuti vakanga—hurumende yakanga yakagadzirira kuwirirana.

Ndakati, “Ini—kana ndine chikwereti, ndichachibhadhara. Asi—ndichaita zvandinokwanisa, asi,” ndakati, “Handina chikwereti.” Uye ndakati, “Ini—ini—ndeizvi... Nokutendeka kwose, Mwari anoziva. Zvino vanoregererei kundipomera kana ndine mhosva?” Ndakati, “Ava makore mashanu okuedza kuzviita, asi havana kuwana chinhu chokuzviita nacho.” Nokudaro ndakati, “Kwete, ini—ndinoramba kuibhadhara kusvika zvasimbiswa kuti ndine chikwereti.”

Zvino ipapo, magweta akanditora, vakataura neni, vakati, “Zvino, tinogona kuti nyaya itongwe. Hurumende ichaita kuti itongwe.” Vakati, “Kana vakaitonga, chinhu choga chavanokwanisa kuwana pauri ndechokuti. . .”

Izvo ini—izvo. . . Maitiro andakazviita; handina kungo. . . ndakanga ndisingazivi zvokuchengeta mabhuku, nokudaro ndakangozviita nenzira yandaiziva kuti yakatendeka. Uye haina—haina kumboiswa mubhangi nezita rangu; yaigara ichibhengwa nguva dzose nezita rechechi, kana campaign, nezvimwe. Maona? Nokudaro hapana chinhu chandaikwanisa kuita pamusoro pazvo.

Zvino ini. . . Akati, “Zvakanaka, vanobvuma kuti tiwirirane pazvuru gumi nezvishanu zvamadhora, nomubhadharo wezvuru gumi zvamadhora”; uye mubhadharo wamagweta wakanga uri zvuru gumi nezvishanu. Zvakaita zvuru makumi mana. Nokudaro, vari kuda zvimwe zvishanu, ndinofunga ndizvo panguva ino, zvino ndakaenda. . . ndikati, “Ndingawana kupi munyika muno zvuru makumi mana zvamadhora?” Ndakati, “Munoziva bhuku rangu rokubhengi, rina madhora zana kana mashoma kuna awa.” Ndikati, “Ndingawanepi zvuru makumi mana zvamadhora?” Zvino ndakati, “Handina anondibatsira; handina. Ndizvozvo.”

Zvino akati, “VaBranham,” akati, “hezvino zvazviri pano: Kana nyaya ikatongwa,” akati, “hapana kupokana kuti tinokunda panyaya iyi.” Akati, “Asi pano ne—chi. . . Tinokwanisa kukunda, nokuti hezvino zvandichaita. Vachati yose yakanga iri yenyu, nokuti makanyora zita renyu. Zvino vachati ndeyenyu, kunyangwe yakabhengwa muzita recampaign, chechi, Bramham Campaign, uye nechechi.”

Zvino hapana kana nzvimbo imwe yavangawana pandakashandisa peni rimwe pachangu. Ndicho chokwadi; Mwari anoziva! Pano murume akagara pano iko zvino, akanga aneni nguva dzose. Hapana kana peni rimwe randakashandisa pachangu. Yose yakaiswa kuHumambo hwaMwari, kwose kwose, cheki yoga yoga, nezvimwe zvose.

Asi maona izvi here? Asi hazvinei. Yaiva—ini—yainzi ndeyangu kutanga zvino, yozoita yechechi, kana campaign. Zvino vane nzira yokuzviita nayo, munoziva, manzvengero ose avanokwanisa kuita. Nokudaro ndakati, “Zvakanaka, ini—handisi kuzozviita.”

Zvino akati, “Zvakanaka, kana tikakunda panyaya iyi nenzira iyi, yokuti ini—ndichati zvipo zvangu. (Maona?) Ndichati, kuhurumende, zvipo zvangu.” Uye akati, “Zvino, kana ndaita izvi, uye ndozobvumirwa zvuru gumi zvose kuva zvangu; ipapo, inova yako zvakare, vachakuteverai mamwe makore mashanu vachiongorora.”

Maona? Kana ukanyora cheki, inoenda kundoongororwa; votora mufananidzo, wecheki iyoyo. Nokuti, ndakanga ndine mamwe macheki awa zvakare, akanga apinda.

Nokudaro vakati, “Ndipo pavakakubatai napo.” Zvino akati, “Chimwe chinhu, VaBranham, kana mukadanwa nehurumende, seizvi, muchiongororwa, hazvina mhosva kuti chii chamaita, mumaziso avanhu muri tsotsi.” Maona? Asi ndizvozvo zvose.

Onai muparidzi weBhaptisti uyu kuMississippi. Murume wechidiki uyu. . . Mumwe mukadzi akati akanga akanganisirwa. Zvino murume uyu akaunza zvapupu kubva kwose kwose munyika yavo (akanga asimo muguta kwamazuva akawanda zuda iri risati rasvika, kana kuti rapfuura), kusvikira mutongi aida kuzvishandura kuti murume uyu amhan’arire mukadzi uyu nokuda kwamakuhwa. Iye akati, “Muregei aende.”

Pazvakaiswa kuvanhu kuti vaonekwe kuti vanofungei, unoziva here zvakaitika? Zvikamu makumi manomwe nezvishanu kubva muzana zvavanhu vomuAmerica vakati, “Hapana hutsi, husina mwoto.” Zvino murume wechidiki uyu (asina mhosva sezvandingava kana mumwe munhu) achatambudzika nazvo mazuva ose ohupenyu hwake, asina chokuita nazvo.

Ndakanzwa kukanganisika, kwekanguva, kufunga kuti ndakapira hupenyu hwangu kuHumambo hwaMwari ndichiedza kuita (maona?) kuti vanhu vabhadhare mitero, nokuita zvinhu, nokuita zvakana, nokuita kuti matsotsi ave vanhu kwavo, zvino ndava kutoitwa tsotsi.

Ndakafunga kuti, “Chii chandakaita panyika?” Ipapo zvakauya kwandiri, ndakatarisa muBhaibheri. Munhu wose muBhaibheri, hapana anosara kunze, akanga ane hofisi yapamweya, kana Satani akatadza kuvabata mukuora kwetsika nezvimwe, hurumende yaizovabata. Enda kwose kwaungada kuenda, nzira yose kusvika kuna—Mosesi, Dhanieri, vana vechiHebheru, Johane Mubhabhatidzi, Jesu Kristu (vakaurawa nehurumende—waiva mutongo wapamusoro), Pauro, Petro, Jakobho Mukuru, Jakobho Muduku, vose vakaurawa nehurumende, nokuti iyo, hurumende dzose chigaro—chigaro chaSatani. Jesu akadaro; Bhaibheri rakadaro. Maona?

Hurumende yose inotongwa nadhiyabhorosi. Kuri kuuya hurumende inenge ichitongwa naKristu; asi izvi zviriri muMireniyamu. Asi idzi—idzi hurumende dziriko zvino, hazvina mhosvo kuti unofunga kuti dzakanaka sei, asi pamusoro—pamusoro padzo dzinotongwa naSatani. “Humambo uhu,” akati, “ndohwangu; ndinoita zvandinoda kuita nahwo. Ndinokupa, kana ukandinamata.”

Jesu akati, “Ibva kwandiri, Satani! Uchanamata Ishe, uye iYe chete ndiye wauchashumira.”

Zvino ndakanzwa kuderera (mudzimai wangu ari kundinzwa); ndakaenda kumba ndikati, “Kwete, changamire! Dai—ndaiva nechikwereti, ndaichibhadhara. Handina, uye handisi kuzobhadhara. Ndizvo.” Ndakati, “Ndingachibhadhara nei?”

Nokudaro ndakaenda kumba ndikati, “Meda, geza vana, urongedze mbatya dzavo; ndava kuenda.” Ndikati, “Havazombo...Zvinhu zvose, zvakabva zvapidiguka.” Uye ndakati, “Ndakaitei? Ndiudze!” Ndikati, “Asi, makumi mana ezvuru zvamadhora kwandiri here? Wu-u! Hauzivi kuti izvi zvinorevei kwandiri!” Zvino akapinda sezvingaita mukadzi akanaka, akati... ndikati, “Ndava kuenda!”

Akati, “Unofunga kuti izvi zvinokuitira zvakanaka here? Wati wanamata pamusoro pazvo here?”

Ndakafunga kuti, “Zvakanaka, zvichida regai ndinamate zvakare.” Ndakadzokera mumba, zvikaita sokunge Akandipa rimwe Gwaro. Nguva dzose tinoda kuona Gwaro, kuti Mwari akazviita sei. Maona?

Uye rimwe zuva Akavhunzwa, munoziva, vachiedza ku—vachiedza kuMupomera kuhurumende; vakati, “Zvakanaka here kwatiri isu maJudha akasununguka kupa Kesari mutero?”

Akati, “Mune peni here?” Akati, “Runyoro rwaani ruripo?”

Zvikanzi, “RwaKesari.”

Akati, “Zvino ipai zvinhu zvaKesari kuna Kesari, zvinhu zvaMwari kuna Mwari.”

Zvino ndakafunga pamusoro pazvo; ndakanga ndavhura muBhaibheri ndikazviverenga. Ndakafunga kuti, “Chokwadi, Ishe, ndizvo! Asi izvi hazvisi zvaKesari; izvi zvanga zviru zveNyu, zvanga zvisiri zvaKesari. Dai zvanga zviru zvangu, uye ndichizo—ndichizobhadhara mutero kana chimwe chinhu, zvingadai zvakasiyana. Dai—dai zvanga zviru zvaKesari, asi izvi—izvi ndezveNyu. (Maona?) Uye izvi—hazvina kumbova zvaKesari kubva pakutanga.”

Munoziva, Aigara achiwana mhinduro muShoko. Ndakaverenga pamberi zvishoma, uye Akati, “Akati, Simoni, hauna—hauna here chirauro muhomwe mako? (Maona?) Unowanzo takura chirauro chiduku netambo. Uye ndabva kuisa mari mangwanani ano mumuromo wehove ku—kurwizi, munoziva.” Akati, “Iye—ndaisa mari, uye bhangi richakupa zvarinazvo. Ingoenda undokanda chirauro murwizi; uye kana wabata hove, vhura muromo wayo (maona?), uye i—ichakupa mari. Ngatirege kuvagumbusa. Musavagumbusa. (Maona?) Enda undoibhadhara, Simoni; ndiyo ichava yaNgu neyako.”

Ndakafunga kuti, “Chokwadi, Mwari, Muchine hove dzenyu dzinochengeta mari kwose kwose munyika. Handizivi kuti zvichaitwa sei.”

Asi takaenda; ndine hama dzacho muno muchechi, dzakamira neni pandakanyora chikumbiro. Zvino ndakaisa chikumbiro ichi mukati, tikawana zvuru makumi mana zvamadhara, ndikaibhadhara. Ndakaenda kumba; ndaida kuziva manyorero andakaita cheki yacho kuitira kana vazondivhunza zvakare. Ndakati, “Izvi zvinoreva kuti ndasununguka kumitero yose.”...?...munhu achasainazve, achanetswa mushure mazvo.

Ndakaramba ndichivhunza kubhangi kuti ndione kuti vanokwanisa kuzviita here, zvino pokupedzisira Bob akazondiudza; akati, “Billy vazviita.”

Zvino ndakaenda ndikandombundira mukadzi wangu; ndikati, “Mudiwa, ndasununguka!”

Manzwiro akadii okusununguka. Zvino ndinokwanisa kuibhadhara zvino (vakazviita kuti zvireruke kwazvo kwandiri), ndinokwanisa kubhadhara zvuru makumi mana zvamadhara pagore. Zvino, ini—handikwanisi kugara pasina chandinaita, hama; ndinofanira kuenda kundosevenza. Nokudaro ini—ini... Zvinonditorera makore gumi kuti ndiibhadhare kana—kana—kana—Jesu asati auya. Zvino kana— kana Akauya, zvikwereti zvose zvinobva zvapedzwa, munoona. Uye nokudaro—ndinotenda imi mose, ini... Minamoto yenyu (uye husiku huno ndichaenderera mberi nezvimwe zvakada kuita seizvi), asi minamoto yenyu ndiyo yakandibatsira. Ndinokutendai zvakanyanya. Mwari akuropafadzei. Hazvina mhosva kuti tiri kupi, handizokanganwi izvi.

Husiku huno, kana Ishe vachitendera, ndinoda kutaura zvimwe zvandinoziva, uye iva nechokwadi chokuti wauya. Zvino rangarirai, *Madzichangamire, Ndiyoyi Here Nguva?*

Zvino, tava ku... ndinotenda vano hurongwa hwakakwana hwe—hwesvondo ino—uye manheru oMuvhuro ndi—ndiyo misangano yanhasi, uye husiku hwanhasi, noMuvhuro. Husiku hwoMuvhuro kuno musangano wokurindira. Uye—uye ipapo, zvinokupai Chipiri, Gore Idzva, kana uchibva kune kweguta, unokwanisa kudzokera kumba. Zvino tichava navaparidzi vakanaka pano pamusangano uyu—isu—bo—boka guru ravaparidzi vakanaka. Uye vose vanenge vachiparidza vachichinjana husiku hwanhasi kusvika pakati pohusiku; uye dzimwe nguva vanотора Chirairo (kana zviru muhurongwa, handizivi kuti vachadaro here nhasi kana kuti kwete) sezvazviri... Pavanenge vachiita ruzha nokudanidzira, vachipfura, nokunwa, nezvakadaro, isu tinотора Chirairo (Ameni!), kutanga Gore Idzva zvakanaka neChirairo.

Zvino, tose tinokokwa, uye ndinotenda kuti—Mwari wokudenga achakupai mukana wokuti mugare kana muchikwanisa.

Zvino, tisati tapinda muShoko, ndinoda kutaura izvi zvakare, kuti ndinotenda kwazvo chechi ino, nhengo dzayo, nesutu ino yamakanditengera. Ndinokutendai kwazvo. Zvinokosha kwazvo kwandiri: makadhi ose nezvinhu pa—pa—paKirisimasi, nezvipo zvamakatumira kumhuri yangu; uye o—o, ini—handizviverengi, zvinhu zviduku zvisingakwanisi kubva pamwoyo wangu. Hapana aikwanisa kuzviita sezvizvi, kuziva kuti zvakabva kwamuri.

Uye, vamwe vakatumira zvipo zvavo zveKirisimasi semari, vamwevo vakatumira... Sezvakaite, imwe hama yakanditumira kabhuku komuhomwe kavakanga va—vagadzira kane zita rangu; nakapini kaduku kepurasitiki, uye kakanyorwa Munyengetero waShe mukati; uye o—o, zvinhu zvakadar, tinozvi—tinozvifarira. Mukadzi wangu neni, pamwe chete navana tinoda kukuzivisa kuti tinokutendai kwazvo. Zviduku kwazvo, asi ndichataura izvi (iri ndiro shoko guru randinofunga kuti ringataurwa nomunhu): “Mwari akuropafadzei.” Hakuna chikuru kudarika izvi.

Uye, dzimwe hama dziri pano pachechi dzakanditengera pfuti, nda—ndapfeka sutu yangu, asi ha—handina kukwanisa kuuya nepfuti kuchechi. Asi zvanga zviri... Asi ivo havaizofari nazvo, handizvo here? Nokudaro ndi—ndi—ndinokutendai, hama dzangu. Zvino ndanga ndichazoverenga mazita avo pa... Asi imwe hama yakauya nezuro; ikati, “O—o, musa—musa—musanditenda, Hama Branham, zvinobva zvaabvisa mufaro wose pazviri.” Maona?

Zvino ndakafunga kuti, “Dzimwe nguva vamwe vose vangangofunga zvimwe chetezvo.” Asi ndine zita renyu; vakarinyora pasi. Ndichagara ndichizvirangarira, uye Ishe akuropafadzei zvakananyanya.

Zvino munoziva kuti ndinozorora sei, ndinopinda mumba umo, ndogaramo, uye ndotanga kufunga. Kana ndasungikana ndisingachakwanisi kuenderera mberi, zvino ndinotanga kufunga pamusoro pokwandakamboenda kundovhima, kana kwandakamboenda kundoraura. Ndinofarira izvi. Mwari akuropafadzei.

Zvino, tingakotamisa misoro yedu here kwakanguva patava kusvika paShoko! Ndine chokwadi kuti mune zvikumbaro muno mangwanani ano zvatisingakwanisi kuverenga, nokudaro, misoro yedu yakakotamiswa pasi, chikumbaro chako chaunoshuva, kana ukachibata mumwoyo mako, wosimudza ruoko rwako, woti, “Mwari, munoziva zvandiri kufunga iko zvino.”

Ishe Jesu, Munooni ruoko rwose; uye Munoziva kuti rwakamirira chii. Pasi poruoko pane chikumbaro. Uye tinouya iko zvino, nokuremekedza paChigaro chaMwari Anorarama, parera guru jena rakatambanuka panguva dzose, pano gara

Jehovha Mwari, neRopa raKristu riri paartari. Uye tinotaura kubudikidza neRopa rake iYe akati, “Kumbirai Baba chose chamunoda muZita raNgu; chichaitwa.” TinzweIvo, Mwari, mangwanani ano uye pindurai zvikumbiro zvavo? Ndinonamata pamwe navo nhasi kuti dai Mazviita.

Pane hengechepfu dziri pano, Ishe, vanorwara navanotambudzwa... Zvino tinodzidziswa muBhaibheri kuti vaitora kubva paMutsvene Pauro hengechepfu namaapuroni; zvoiswa pavarwere, mweya yetsvina yobva pavari, nezvirwere zvotiza. Zvino Baba, sezvatinoziva kwenguva yakareba, uye tinoziva zvechokwadi, kuti hatizi Mutsvene Pauro; asi mushure mazvose, tinoziva kuti akanga asiri Mutsvene Pauro, asi aiva Kristu aiva maari. Zvino haMushanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi sokutaura kweGwaro.

Zvino, vanhu ava, Ishe, vanotenda kuti kana tikakumbira Mwari, totora mahengechepfu awa, toaisa pamusoro pavanorwara, vanopora. Ndinonamata kuti dai zvikadaro, Ishe. Kana mahengechepfu awa akaiswa pamusoro pavanorwara... Sezvazvakataurwa, imwe nguva Israeri payaiva murwendo, ichienda kunyika yevimbiso, uye Gungwa Dzvuku rikavadzivisa munzira yavo; asi Mwari akatarisa ari muShongwe yoMwoto namaziso ane hashu; gungwa rikatyana, rikamisa masaisai aro, nemvura dzaro; Israeri ikapfuura napavhu rakaoma kuenda kunyika yechipikirwa.

Zvino, Ishe, tarisai nhasi nomuRopa raJesu. Uye Munoono kutenda kwatinako pano mangwanani ano; dai Satani akatyana akabva. Zvakare dai mumwe nomumwe wavari parwendo ava vari pano, nomumwe nomumwe achaiswa mahengechepfu awa, dai ivo—nzira yazarurwa, hurwere hwabviswa; dai varamba vachifamba rwendo rwavo kuenda kunyika yechipikirwa, vachitungamirirwa noMweya Mutsvene, Shongwe yoMwoto. Zviitei, Ishe.

Zvino, ropafadzai misangano, mashoko, zvichaitwa, nezvichaverengwa; uye dai Mweya Mutsvene watora Shoko mangwanani ano nokuRipa kuno mumwe nomumwe wedu, Ishe, patiri kukura kuva chimwe chinhu chikuru, chinoshamisa, chatisingazivi kuti chii. Mwoyo yedu yazunguzwa zvatisinganzwisisi, Ishe, uye tinonamata zvino patinouya nokuremekedza kwaMuri neShoko Renyu kuti Mucharidudzira kwatiri nokutiudza zvazvinoreva. Nokuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

Zvino husiku huno, musakanganwe *I—iNguva, Inguvai?*

Uye zvino, mangwanani ano tinoda kuvhura (vana maBhaibheri kana muchida kunyora pasi, kana muchida kuzviita)—Magwaro, atiri kuda kutaura pamusoro pawo kwenguva pfupi, anowanikwa muBhuku raMabasa. Tingangoverenga nzvimbo mbiri kana nhatu: Mabasa 26:15

kutanga, Mabasa chitsauko 25 ndima 15, kutanga. Uye tinoda kuverenga Mabasa 23:11; zvino mungawedzera izvi (kana muchida, handifungi kuti ndinowana nguva yokuzviverenga) vaFiripo 1:20. Zvose zvinotaura pamusoro penyaya imwe chete, mashoko mamwe chete.

Zvino, muBhuku raMabasa 26:15, isu—panoti:

Ndikati, Ndimi aniko, Ishe? Ishe akati, Ndini Jesu waunotambudza.

...asi simuka, umire namakumbo ako: nokuti ndazviratidza kwauri nezvizvi, kuti ndikuite munyai nechapupu chezvawakavona, nezvandichazviratidza nazvo kwauri;

Ndichakurwira kuanhu, nokuvaHedheni, . . . vandinokutumira kwavari,

Kuti usvinudze meso avo, vabve murima vaende kuchiedza, nokubva pasimba raSatani vaende kuna Mwari, kuti vagamuchire kanganwiro yezvivi zvavo, nenhaka pakati pavakaitwa vatsvene nokutenda kwandiri.

Naizvozvo, O . . . mambo Agripa, handina kuramba kuterera chiratidzo chokudenga:

Asi ndakatanga kuparidza kuna veDhamasko, nokuna veJerusarema, nenyika yose yeJudhea, naivo—nokuvaHedheni, kuti vatendevuke varingire kuna Mwari, vaite mabasa akafanira kutendevuka.

Muna Mabasa 23 ndima 11 zvakare:

Vusiku hwakatevera Ishe akamira naye, akati, Tsunga mwoyo, Pauro: se . . . zvawakandipupurira kwazvo paJerusarema, unofanira kupupura paRoma vo.

Mwari awedzera maropafadzo aKe matsvene, pakuverengwa kweShoko rake Dzvene rizere nyasha riri pamberi pedu.

Zvino, ndakanzwa munhu achitaura—kana kudzidzisa nguva shoma yapfuura, akashandisa shoko rokuti *mhedziso*. Zvino ndakafunga kuti, “Iri ishoko rakanaka; ndinorinzwa richishandiswa nguva dzakawanda.” *Mhedziso*. Ndizvo . . .

Ndakatarisa muduramanzwi, raWebster. Maererano naWebster, zvinoreva “chinhu chakakwana; chisina magumo musimba racho; chikuru pazvose, chinopedzisa.” Zvino *mhedziso* iyi inoreva kuti “ameni”; ndizvozvo chaizvo. *Mhedziso*, iyi—haina “haina magumo musimba rayo,” shoko rokuti *mhedziso*. Ya—yakakwana pachayo. Ndiyo zvose; nyaya yapera. Zvino ndakafunga kuti, “Ichi chinhu chinokosha; ishoko rakanaka.”

Zvino, *shoko* “ipfungwa yaratidzwa.” Chokutanga, inenge iri pfungwa, zvino yozova shoko; nokuti hautaure mashoko ako usina kufunga.

Patinotaura nendimi tinenge tisingafungi; ndiMwari anenge akabata pfungwa; ipfungwa dzaMwari dzinouya nomumiromo yedu. Hatifungi kana kuziva kuti tiri kuti chii kana tichitaura nendimi, kana kuri kutaura kwakafemerwa. Kana uchidudzira unenge usingazivi zvaunenge uchitaura; unongozvitaure, ndizvo chete. Maona? Ndiye Mwari. Uye kuprofita, unenge usingashandisi pfungwa dzako; ndiMwari, nokuti unotaura zvinhu zvausingafungi kuti ungataure. Maona?

Asi shoko rokuti *mhedziso* kureva chinopedzisa; nokudaro, ndinofunga kuti munhu wose anofanira kuva nemhedziso. Uye basa rose rakabudirira rakamboitwa, raiva nemhedziso seri kwaro. Hazvina mhosva kuti raiva rei, raiva nemhedziso. Uye munhu wose kuti abudirire pane zvaanenge achiita anofanira kuva nemhedziso. Uye ndicho chinhu chokupedzisira kubva kune *izvi*, *izvo*, kuenda kune *zvimwe*, kusvika wadzokazve pamhedziso iyi, kana kuti “ameni,” kana kuti mhedziso yezvauri. . . Unofanira kuva nechimwe chinhu chaunozvisungira kwachiri, namamwe manzwi. Ndipo pano kubudirira, kwose. Paripo pairi; inogona kupinda mune zvinhu zvakasiyana siyana, kusvika yasvika painosungirirwa; asi ndipo pane “ameni” kuna zvose. Panofanira kuva nechinhu chakadaro. Haukwani kufamba muhupenyu usinayo.

Iwe—pawakarooro, panofanira kunge pane chinhu chakapinda mupfungwa dzako, kusvika waguma pamhedziso iyi. Zvino runofanira kunge rwaiva rudo kumukadzi kana murume wako. Zvakanaka, zvichida haana kunaka somukadzi waJohn; kana kuti iye, zvakanaka—haana kuita—*seizvi*, *seizvo*, asi pane chimwe chinhu paari chauno—chinokubata. Iwe—iwe—unoti, “Angadaro asina runako serwomumwe uyo,” kana, “angadaro asina kunaka somumwe uyo”; asi panofanira kuva nemhedziso yokuti munhu uyu akasiyana. Uye apa ndipo paunobatirira. Zvino kana izvi zvisipo, mhedziso iyi, paunobatirira zviri nani kuti usaroore, mhedziso iyi.

Tinokwanisa kufunga pamusoro pavazhinji vakanga vane mhedziso muBhaibheri. O-o, tingavatora vakawanda tichivatevedza muBhaibheri, uye tigova pano masvondo maviri kubva zvino, asi tisingakwanisi kuvapedza vose, kana tikafunga nezvemhedziso muBhaibheri. Somuenzaniso, regai nditore mumwe kana vaviri, nditaure zvisvishoma pamusoro pavo.

Tarisai Jobho. Zvino, akanga ane Mhedziso. Zvinhu zvose zvakanga zvakanganisika kumurume uyu, murume akarurama. Zvino, tingakanganisa kana tikati akanga asina kururama, nokuti Mwari akati akanga akarurama. Pakanga pasina munhu

panyika akaita saJobho. Akanga akarurama pamberi paMwari; uye aizviziwa, nokuti akanga ane Mhedziso; aiva neMhedziso.

Zvinhu zvose pazvayiita sezvaipesana naye, akava nohurwere, shamwari dzake dzingadai dzakati, “Zvino, wazvionaka, Jobho, izvi zvinosimbisa kuti uri mutadzi; uri kukanganisa.” Zvino ipapo, mabhishopi akauya (vakadaidzwa kuti vanyaradzi vaJobho), zvino pano kuti vamunyaradze, hapana chavakaona kunze kwechivi muhupenyu hwake; nokuti Mwari akanga amutira nenzira yaAkanga aita.

Zvino vana vake vakaurawa; pfuma—pfuma yake yakapiswa; zvose—zvose—zvakananganisika, uye kunyangwe hupenyu hwake hwakanga hwava munjodzi, iye akagara padurinhuru, ane mamota kubva panhongonya yomusoro wake kusvika kutsoka. Kunyangwe mudiwa wake, shamwari inodikanwa, mai vavana ava, akati, “Unofanira kutuka Mwari ufe rufu.” Asi pakusangana neizvi zvose Jobho aiva nemhedziso!

O-o, panguva yohurwere dai tichizvisungirira kuMhedziso. Jobho aiziva kuti akanga aita kuda kwaJehovha, uye akanga ano kutenda pane zvaakanga aita, nokuti Jehovha ndozvaaida. Dai tikangoita izvozvo! Jehovha aida chipiriso chinopiswa kuitira zvivi zvake. Zvino Jobho, kwete kuitira iye oga, asi vana vake, akavapisira chipiriso, ndizvo zvose zvaidiwa naMwari.

O-o, ungati, “Ndinoshuva kuti dai zvirizvo zvose zvaAnoda nhasi.”

Zvishoma pane izvi, kungova nokutenda muShoko raKe. Uye iwe—kana ukaita kuti Shoko raKe rive Mhedziso, unogona—vimbiso yose Tsvene iri muBhaibheri, unokwanisa kusungira mwoyo wako kwairi. Hazvina mhosva kuti masaisai akawanda sei anouya kuzokurova, unenge wakasungirirwa. Ndiyo Mhedziso yako.

Zvino akaramba akabaturira paIri, uye vanyaradzi vake pavakamuti, “Wakatadza,” aiziva kuti akanga asina. Akanga akarurama, nokuti akanga aita zvaidiwa naJehovha. Zvino iye—vose. . . Murume akauya akati, “Vana vako vafa”; mumwe akauya akati, “Makamera ako apiswa ose, nomwoto waburuka kubva kudenga. . .”

Tarisai kusimba kwegakava rovaimupomera, “Maona? Mwoto wakaburuka kubva kudenga. Zvino, Jobho, zvinosimbisa. . .”

“Hazvina chazvinosimbisa.”

“Zvino, Angadai asina kuuraya vana vako, Jobho; uri munhu akarurama iwe.”

Asi Jobho akati, “Ndinoziva kuti ndakaita zvakana.” Akaramba akabaturira; akanga ane chinhu chaikwanisa kuramba akabata. Ndizvozvo. Akanga azvigamuchira; akanga

aita chaizvo zvaakanga anzi aite naMwari; uye akanga ane chokwadi chizere. Zvakanaka!

Zvino, paakazosvika panzvimbo yokuti Mhedziso ibate, ipapo pokupedzisira akazonzwa tambo yatonyanya kusunga yakanga yaregedzeka, yakatembuka. Asi yakatanga kutosungisa, uye Mweya pawakauya paari; akasimuka, ari muprofitu, akati, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama!” Ameni! Maona? Akanga akasungirirwa paMhedziso yake; akanga abatana nayo. Aiziva kuti akanga aita zvakanaka, uye rimwe zuva aizosvika paIri. “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye namazuva okupedzisira Achamira panyika ino. Kunyangwe honye dzikadya mutumbi uno, asi munyama ino ndichaona Mwari.” Aiziva nokudaro; kuti Mhedziso yake yakasungirirwa.

Abhurahama, nemhedziso, achibva kuBhabhironi, kurusvingo ku—kunze kweShinari, kunze uko kwaakanga achigara nababa vake, pamwe zvichida akanga ari murimi. Asi rimwe zuva, ari mumatondo pane imwe nzvimbo achinonga michero, kana—kana kuti achienda kundouraya mhuka kuti awane nyama, pane imwe nzvimbo ikoko, Mwari akataura naye ava namakore makumi manomwe namashanu.

Zvino aiva—aiva nomukadzi wake, Sara, akanga ane makore makumi matanhatu namashanu asina mwana—asina mwana, vakanga vasina vana. Zvino, Mwari akamuudza kuti, “Uchava nomwana naSara, asi kuti zviitike, unofanira kuzvipatsanura.”

Vimbiso dzaMwari nguva yose dzine zvirango. Unotofanira kudaro...Hazvina mhosva kuti unoziva zvakadzi pamusoro pevimbiso, nguva dzose zviru pamaererano nezvaunenge waita. Tingamira pano tikapinda muMagwaro, ndigokuratidzai kwamaawa, maona, kuti zvaunenge waita ndizvo zvine basa. Unogona kunge uchiziva zvakanakawanda sezvaungada kuziva, asi zviru maererano nezvaunenge waita nevimbiso, nokutemerwa, nezvimwe.

Cherechedzai! Zvino Abhurahama, akatenda Mwari, zvikanzi kwaari kururama. Zvino, chingava—chingava chinhu chakaipa sei kusangana ne—nenyika yakadzidza, munhu ana makore makumi manomwe namashanu nomudzimai ana makore makumi matanhatu namashanu (uye vakanga vagara vose kubvira vachiri vaduku, nokuti yakanga iri hanzvadzi yake) asi zvino akanga ava kuzova nomwana naye. Asi aiva neMhedziso. Hapana chaizomuzunungusa.

Zvino, mwedzi wokutanga pazvisina kuitika, Mhedziso yake yakaramba yakasimba, nokuti aiziva kuti akanga ataura naMwari. Mwedzi wechipiri, gore repiri, makore gumi, uye pakapera makore makumi maviri namashanu, paakanga ava namakore zana uye Sara ava namakore makumi mapfumbamwe, Mhedziso yake yakaramba yakasimba.

Uye pakanyorwa nhoroono yake, Bhaibheri rakati, rakati, “Abhurahama haana kudzadzarika pavimbiso yaMwari nokusatenda, asi akanga akasimba, achirumbidza Mwari.” Sei? Wakambofunga here kuti sei? Akanga achiziva zvechokwadi, zvakaperera, uye chinhu choga chaafanira kuita kwaiva kuzvipatsanura kubva kuvanhu vake. Uye Mwari haana kumuropafadza kusvika adaro. Akatora baba vake; baba vake vakafa. Akatora Roti; zvino—mushure mokunge Roti azvipatsanura kubva kuna Abhurahama, ipapo Mwari akauya kwaari, akati, “Zvino, chifamba munyika.” Kuterera, pasi pezvirango, nguva dzose zvinofambirana naMwari, neShoko raKe.

Zvino, tarisai. . . Ngatitorei Mosesi. Mosesi, mu—muranda-muprofito akatiza, akanga amutswa naMwari akadzidziswa mumuzinda waFarao, zvino—zvino Mosesi akaenda nedzidzo yake yebhaibheri akauraya—munhu, mumwe. Zvino ndipo pakauya chokutanga chakanetsa, ipapo Mosesi akatya zvikuru. Sei? Akanga asina Mhedziso; aingova ne—nedzidziso yamai vake yokuti akanga aberekwa sei.

Aiva mwana anoshamisa; aingova neshoko ramai vake pamusoro pazvo. Aiva namagwaro okuti Mwari (dzimwe nguva papepa pane imwe nzvimbo pavakanga vanyora, avafamba nawo)—okuti Mwari aizoshanyira vana vaKe. Aiziva kuti nguva yakanga yakwana, sezvatinoita iko zvino. Tinoziva kuti chimwe chinhu chava kuda kuitika.

Zvino, Mosesi akaziva kuti nguva yakanga yakwana, zvakare akaziva kuti ndiye akanga asarudzirwa nguva iyi; asi akanga asina Mhedziso. Maona? Rimwe zuva ari seri kurenje, paakanga arashikirwa nechiratidzo, Mwari akasangana naye mugwenzi raipfuta akati, “Mosesi, Ndaona kutambudzika kwavanhu vaNgu; Ndanzwa kugomera nokuchema kwavo nokuda kwavatambudzi vavo vanovaitisa basa; uye Ndarangarira vimbiso yaNgu. Ndadzika kuzovadzikinura; zvino, enda kuEgipita.” O-o, ini zvangu!

Akadaro—Mosesi achinyunyuta, akati, “Handikwanisi kutaura zvakanaka; ku—kutsanangura kwangu hakuna kunyatsonaka; havanganditendi!”

Akati, “Chii chiri muruoko rwako?”

Akati, “Tsvimbo!”

Akati, “Ikande pasi!” Yakashanduka kuva nyoka. Akati, “Ibate nomuswe!” Yakashanduka kuva tsvimbo zvakare. Akanga achimupa kugutsikana, kusimbiswa. Kana Mwari apa Mhedziso, Anosimbisa Mhedziso iyi, nguva dzose.

Zvino, Mosesi, ari ikoko, akakanda tsvimbo yake pasi pamberi pen’anga naFarao (uye n’anga dzakakandavo tsvimbo dzavo pasi), Mosesi haana kumbomhanya achiti, “O-o zvakanaka, ndanga ndakanganisa, ini—ndanga ndichiita

zvoun'anga dzimwe nguva ndakanganisa.” Asi aiziva; ainyatsoziva kuti akanga asangana naMwari; uye akaramba amire. Ngatiti akanga aita zvaakanga ataurirwa naMwari chaizvo kuti aite; ndizvozvo zvakanga zvaitwa naJobho zvaakanga ataurirwa naMwari kuti aite; Mosesi akanga atevera mirairo yaKe. Zvino mira ipapo uone kubwinya kwaMwari!

Mosesi akanga akasunganidzwa kuMhedziso yake, kutumwa kwake, nokudaro akaramba akadzikama. Zvino paakadaro, nyoka yake yakamedza dzimwe nyoka dzose. Maona? Wakanga akasunganidzwa kuMhedziso yake. Mwari akati, “Kana wadzikinura vana ava, uchaNdinamata zvakare pagomo rino.”

Zvino muvengi nenzira dzose anoedza kukubvisa paMhedziso iyi. Vachingobuda muEgipita, vakaiswa pakaoma pa—paGungwa Dzvuku—namakomo kumativi ose. Vakauya nomumupata uku kwaiva neGungwa Dzvuku—pasina nzira yokupukunyuka nayo nomumakomo, vakanga vasina nzira yokupukunyuka nayo kana *nokupi* zvako, nehondo yaFarao ichiuya *nokuku*. Pavakamiswa imiwee! Maona here kuti dhiyabhorosi anokuisa panzvimbo yakadii zvokuti hauzozivi chokuita? Asi rangarirai, kana wakasunganidzwa kuMhedziso iyi, ndiyo inozvipedza. Mosesi aiziva kuti Mwari akanga amuvimbisa kuti “Uchandinamata pagomo rino kana wavabudisa. Zvino ndauya newe kuzovadzikinura nokuvaisa mune imwe nyika.” Akagara nazvo, Mwari akatuma mhengo yokumabvazuva ikaomesa mvura yomugungwa, vakafamba napakaoma. Mhedziso!

Tingapinda muMagwaro: Dhanieri, akanga aine Mhedziso yake; Shadreki, Misheki, naAbhedhinego, vaiva neMhedziso yavo; Dhavhidhi, aiva neMhedziso yake. Vose—vaiva neMhedziso!

Pauro aiva neyakevo, uyo watiri kuverenga pamusoro pake. Aiva nokudanwa kwakamiswa muna Kristu, uye iyi ndiyo yaiva Mhedziso yake. Ndicho chikonzero akanga asingatyi zvaitaurwa naAgripa. Akamira ipapo (uye Agripa aiva muJudha, sokuziva kwedu)—nokudaro—akamira pamberi pamadzimambo navamwe, Mwari akanga amuudza kare kuti achamira ipapo. Zvino aiva neMhedziso, nokudaro akataura chiratidzo chokudenga. Akati, “Handisi... Handina kurega kuchiremekedza. Ndaiva—handina kutadza kuchinzwisisa; handina kuzvibata nenzira isiriyo.” Asi akaramba akabatirira haana kurega kuterera; akazviita nomazvo, nokuti yaiva Mhedziso. Uye hupenyu hwose huri muna Kristu, ndiyo Mhedziso yako.

Zvino, kubvira paakasangana naYe chiso nechiso munzira inoenda Dhamasko, izvi—zvakareva chinhu chikuru kuna Pauro. Zvino rangarira, akanga ari mudzidzi kumashure; akanga ari mhare huru muMagwaro, asi akanga asina mhedziso kusiya

kweSanhedrin yaimutsigira, ne— nedhipuroma raakawana kubva—kubva kumudzidzi mukuru. Akanga ari mhare huru mune zvaayiita, asi akanga asina kunyatsosimba. Chinhu choga chaaiva nacho, mhedziso yake yakanga yakasimba sokusimba kwesangano rake; ndiko kusimba kwoga kwaaikwanisa kusvika pakuri. Uye akanga achishanda akatendeka kwazviri, akanga achitora maKristu, achivasunga, achivavhiringidza, zvakare akataka Stefano.

Ndinofunga mushure muhupenyu hwake, ndicho chikonzero akaenda kuJerusarema, uko muprofitu akamuudza kuti, “Usaendeko, Pauro, nokuti kusungwa nokuiswa mutorongo zvakakumirira,” . . .

Zvino Pauro akati, “Ndinozviziva; asi handisi kungoenda kuJerusarema kundova chapupu chete, asi ndiri kuenda ikoko; uye ndakagadzirira kufira Jesu Kristu,” nokuti aiziva zvaakanga aita, uye chinangwa chake chakanga chiri chokuti asimbise chapupu chake neropa rake—kufa, nokuti akanga auraya mumwe wavanhu vaMwari.

Zvino, ari munzira yake yokuenda kuDhamasko nedzidzo yake yose (akarairwa nomudzidzisi mukuru, Gamarieri, uyo akanga adzidziswa chinamoto chechiJudha chose) asi zvino pazvinhu izvi zvose, akanga ane hutera, uye akanga asingakwanisi kuita zvimwe zvinhu. Zvino pakarepo, pakava neChiedza zvichida nokutinhira, ndokurohwa ndokuwira pasi. Zvino iye—paakatarisa mudenga, paiva neChiedza chaipenya chakapofomadza maziso ake. Zvino chakava chinhu chinoshamisa sei ichi!

Hapana mumwe munhu akaona Chiedza ichi, kusiya kwaSauro oga. Chaiva—chaiva chechokwadi kwaari, kusvika Chakapofomadza meso ake; haana kukwanisa kuona, akapofomadzwa neShongwe yoMwoto payakamupenyera kumeso. Uye akanzwa Inzwi richiti, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?”

Akati, “Ishe, Ndimi Ani?”

Akati, “Ndini Jesu; uye zvakakuomera kuti ukave minzwa iyi. Simuka zvino, uende kuDhamasko; ikoko pane mumwe achatumwa kwauri.”

Zvino, paakasimuka kubva apa (zvino paiva nomumwe, muprofitu, muguta akanga aona chiratidzo, paakanga achinamata, akauya), Ananiasi akauya kwakanga kuna Sauro, ndokuisa maoko paari, akapodzwa nokupodzwa Kutsvene. Akasimuka zvino, ndokubhabhatidzwa, achigezwa zvivi zvake, achidana paZita raShe; ipapo akazova neMhedziso. Haana kuzoramba ari zvaakanga ari mushure mezvizvi. Akazofamba kubva kuchechi achienda kune imwe chechi, kubva pane imwe nzvimbo achienda kune imwe, achiedza kuvaka zvaakanga amboedza kuputsa.

Nyika, vanhu vechiKristu mangwanani ano vanoda Mhedziso yakadai. Avo vanotenda dzidziso dzavanhu netsika vakaedza ne—nedzidziso dzavanhu, kushayisa simba Shoko raMwari kuti harishanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Vanoda Mhedziso, chitiko chokusangana munzira inoenda Dhamasko, naMwari Anorarama Anokwanisa kupodza varwere, nokumutsa vakafa, nokudzinga madhimoni—Mhedziso chaiyo.

Pauro aiziva kuti chimwe chinhu chakaitika; hapana munhu aikwanisa kuzvitora kwaari. Hapana chimwezve chaiva nebasa; akanga akasunganidzwa, ndizvo zvazvaiva. Hazvina mhosva kuti chii chaiuya, aiziva kuti akanga asunganidzwa—hupenyu huri muna Kristu! O-o, hupenyu hwaakanga ararama hwakanga hwasiyana.

Zvino rangarirai, aiva munhu wokunamata. Uye kunemi vamwe vanhu mangwanani ano (uye ndinoziva kuti munoziva kuti zvinhu izvi zviri kuiswa patepi, zvakare zvichanzwika nendudzi dzose dziri pasi pedenga, kureva, kupoteredza pasi pose); navamwe vavanhu vari pano, iko zvino; navamwe venyu vari kune dzimwe ndudzi dzichanzwa pamatepi avadudziri (vachidudzira kumarudzi okuAfrica, kumaHottentoti, uye—noku—kupota kwose); nokunemi vatungamiriri vezvinamato vane dzidzo yeBhaibheri bedzi (makagamuchira senhoroono uye munogona kuzvitsanangura zvose); asi, kana musina Mhedziso, musina—chiitiko (uye kana chiitiko ichi—chamunoti munacho chichikuitai kuti murambe kuti shoko rose nderezvokwadi kucheche nhasi sezvaRakanga riri), zvino muchivimba nedhighiri reBachelor of Art, kana chimwe chamungava nacho; kana muchivimba nepfungwa dzesangano renyu (rinoti, “Mazuva amashura akapfuura; hatina kupodzwa kutsvene; nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene sokwawakagashira pazuva rePentekosti hakusi kwavanhu nhasi”); kana zvirizvo zvose zvamunazvo, hama dzangu dzinokosha, hanzvadzi, munoda chiitiko chenzira yeDhamasko!

Unoda kusangana naMwari Mupenyu uyu pau—pausingazofungi ngano mupfungwa dzako, kwete kudedera, kana mamwe manzwiwo enyama, asi chiitiko chazvokwadi chawakadzidziswa. . . Jesu mumwe chete akafamba muGarirea ari kurarama nhasi uye mupenyu nokusingaperi, haAshanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi—Mhedziso, kuti usatora zvinotaurwa nomumwe munhu, unozviziva pachako, kwete kumwe kutekenyedzwa.

Zvino kana kutekenyedzwa kwawakava nako—uye kana mumwe munhu (angadai ari manzwiwo chaiwo omuBhaibheri)—mumwe munhu oedza kuzvitsanangura kuti handizvo, achiti zvinhu izvi zvaiva zverimwe zuva, chenjera! Ichokwadi, chenjera! Asi pane nzira yokuziva nayo. Zviedze neShoko; Ndiro Rino muenzaniso!

Kana imba ikavakwa zvinopesana nepurani, movaki anoiputsa oivaka zvakare. Asi inofanira kuenderana nepurani.

Hazvina mhosva kuti chiitiko chako chakadii zvino; kana chimwe chinhu chichikuudza kuti Bhaibheri harisi rechokwadi, simba iri raMwari, vaapostora, vaprofito, navadzidzisi, navafudzi, nezvipo zvoMweya hazvisi sezvaZvaiva paZvaiva kuvaapostora paPentekosti, pane chimwe chinenge chakakanganisika nemhedziso yako; inofanira kuva yakabatana nedzidziso dzavanhu dzedhinominesheni, pano kuti ibatane neBhaibheri raMwari, paAkati, “Zvose denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harikundi.”

Tarisisa kuti mhedziso yake chii. Unogona kugutsikana kuti uri mukuyanana kwakanaka nomufudzi; zvakare unogona kuona kuti uri mukuyanana kwakanaka nomukuru wedunhu; uye une chokwadi chokuti uri mukuyanana kwakanaka nabhishopi, kana mumwe munhu mukuru muchechi mako; asi kana—kana Mhedziso yako asiri Jesu Kristu. . .” Nokuti pabwe iri ndichaisa Mhedziso yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkundi”—chizaruro chomweya chokuti iYe Ndiani nokuziva. Zvakanaka!

O-o, zvino, kana waita saPauro, iva neMhedziso yaaiva nayo. . .Hupenyu huri muna Kristu hupenyu hwakasiyana nohwawaimbova nahwo; zvakare hungadaro huri hupenyu hwokunamata kwazvo hwauri kurarama.

O-o, ndakanzwa vanhu vachiti, “Zvino, vanonamata kwazvo.” Hazvina nechokuita nazvo! Ndakaona zvinamato zvakawanda, vakaperera kwazvo, nguva zhinji vakaperera kwazvo kudarika vanhu vanonzi maKristu nhasi.

Mai pavanotora mwana muduku, mutema (akareba *kudai*) vomukanda mumuromo megarwe, nokuda kworudo rwavainarwo kuna mwari wavo, ndinoshama kuti chiKristu chinokuperera kwakadii. Munhu paanokwanisa kuzvitambudza nenzira yokuti, anozvibaya nezvirauro zvinosvika zvuru munyama yake, seizvi (akarembere namabhora omumvura, akabata akarembedzwa seizvi), nokufamba mumwoto, kubva pano kusvika panoperera tabhernerikeri (kukwira nokudzika, imo muchipisa kwazvo, makakuchidzirwa seizvi), sechipiriso kuna mwari wake (chimupunzo chiripo chine maziso akatsvuka nezvimwe), ndinoshama kuti chiKristu chiri papi. Nokudaro musafunge kuti zviru *mukuperera*; hazvisi mukuperera. Kuperera kwakanaka kana kukaiswa pazvinhu zvakawanda.

Sachiremba achikupa mushonga, angangokupa arsenic, akaperera; zvakare angangokupa sulfuric acid, akaperera; unogona kupiwa mushonga usiriwo, uye unogona kuutora wakaperera, asi izvi hazviponesi hupenyu hwako. Maona? Kwete, changamire! Unofanira kuziva zvauri kuita. Zvino chinhu chose chinopesana neShoko raMwari, handina mhosva

kuti chingava chii uye kuti chagara kwenguva yakareba sei, chakaipa.

Petro akavapa Hupenyu Husingaperi pazuva rePentekosti. Akati, “Tendeukai mumwe nomumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene; nokuti izvi ndezvenyu, navana venyu, navose vari kure, vose vachadanwa naShe Mwari wedu.” Ndizvo! Hupenyu Husingaperi.

Zvino, mumwe munhu asinganzwisisi anogona kuwana izvi akakuuraya. Maona? Chokwadi! Munoziva, mumushonga unorapa mune zvinouraya, zvokuurayisa hutachiona, uye—uye chiremba anoziva kuti mutumbi wako—unokwanisa kugamuchira zvakadii. Kana akazviwanzisa, zvinokuuraya. Zvino kana ukaita mushoma, zvino zvinozokubatsirei? Zvinenge zvisingakubatsiri kumwa mushonga uyu. Anoziva zvinokwanisa kugamuchirwa nomutumbi wako.

Zvino, ndizvo zvakafanana nezvinopiwa naMwari. Hazvina mhosva kuti mumwe munhu anofunga kuti zvinofanira kuitwa nenzira *iyi* kana nenzira *iyoy*, usazvitenda. Kana uchitevera Shoko sokunyorwa kwarakaitwa, ndizvo chaizvo. Ndizvozvo! Batirira paRiri.

Zvino, tine vano—vanoti unofanira kusaswa. Pana vamwe vanoti unofanira kushandisa madunhurirwa aBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene; hapana chinhu chakadaro muBhaibheri, hapana nzvimbo yakadaro muBhaibheri pakabhabhatidzwa munhu neimwe nzira kunze kwomuZita raJesu Kristu. Chitendwa chakawedzerwa muChechi yeKatorike yeRoma zvikaenderera mberi setsika. (Tichasvika kwazviri husiku huno.)

Asi cherechedzai, mune izvi zvose, chokwadi chinoramba chiripo. Ndicho chikonzero tine vana vazhinji vanorwara, nokuti havasi kuterera kune zvakataurwa naChiremba. Mhedziso, kana wasunganidzwa naYo, ndizvo zvinodiwa; Ndiro Shoko raMwari; hazvikwanisi kuti Rikundike. Hupenyu huri muna Kristu, kunamata kukuru, asi kwakanga kusiri muna Kristu; vazhinji vedu vane zvakadai nhasi.

Kana wawana hupenyu uhu huri muna Kristu, hunokuita kuti uite zvinhu zvawaisambofunga kuti ungaita. Hunokuita kuti uzvibate nenzira yakasiyana namazvibatiro aungazviita. Handisi kureva kuita mazvibatiro asina kunaka; ndinoreva mazvibatiro aunoita uchidavira muMweya, chinhu chechokwadi, chimwe chinhu chaicho. Ukaona mumwe munhu achizvibata zvisina kunaka, unoziva kuti vari kungoita zvokunyepedzera. Vari kuedza kutevedzera chechokwadi chiripo.

Mukaona dhora renhema, zivai kuti pane dhora chairu ravakatevedzera. Maona? Mukaona chenhema, mumvuri

wechimwe chinhu chechokwadi; chimwe chinhu—chiri kutevedzera chazvokwadi.

Cherechedzai, zvinokuita kuti uite zvinhu zvausingafungi kuti ungaita. O-o, chi—chimwe chinhu... Unonyatsoziva, unonyatsoziva pawakawana Mhedziso iyi; unonyatsoziva zvakanakwana. Hautori—chiitiko chomumwe munhu. Ndicho chikonzero chiKristu chaita savana vaduku muBhaibheri uye kwete (ndine hurombo)—savana vaduku kuchikoro. Vanoedza kutevedzerana mumwe nomumwe; zvino kana mumwe wavo iyeye akanganisa, vose vanobva vakanganisa. Maona? Vose vanobva vakanganisa. O-o, imiwe, musatevedzerana; sangana naYe iwe pachako.

Shamwari yangu yakanaka, yakamira pano, mwa—mwana weshamwari yangu, ishamwari yangu kwenguva yakareba, Jim Poole mwana. Zvino, baba vake neni—takakura tose pamwe chete kuchikoro, zvakanaka o-o, munhu akanaka kwazvo. Jim mwana neni tinonamata nguva dzose kuti Jim baba ave muKristu, mutendi chaiye. Zvino Jim mwana neni taitaura nezuro kuti takawana Mwari mumasango uye takaMuona muzvisikwa. Ndiko kwaunoMwana, nokuti iYe Musiki, uye Ari muzvisikwa zvaKe.

Zvino ndinorangarira, Jim neni taienda—taienda—taienda kundovhima. Uye kana hwava husiku, zvino, taienda, totora mabhasikoro edu, tochovha tichidzika nomugwagwa uri pano (tichitya zvikuru kupfuura napamakuva pakunenge kwasviba), toenda, tondotenga ice cream cone.

Uye Jim aifarira kupfura. Zvino, taiva vakomana vamakore gumi, gumi namaviri, gumi namana. Uye zvino, Jim aifarira kugara achiverenga mabhuku ane nyaya dzokuvhima nokuuteya. Zvino ini ndaigara ndichifunga (maona?) pamusoro... Iko zvino, vamwe vavakomana vanokwanisa kundiona. Zvino ndaiva nakamba kaduku pane imwe nzvimbo, uye ndaisiti, “Vakomana, kangava kamba kakanaka kuva nako pamusoro pamakomo.” Zvino ndaigara ndichifunga nguva dzose kuti ndichava nakamba pamusoro pamakomo, nembwa dzakanakwana, ne—nepfuti. Ndaigara ndichifunga kuti, “Dai ndikangova nepfuti ye30-30 imwe nguva...” Ndaifunga kuti, “Ndingaiwana sei chaizvo pfuti ye30-30?” Uye rimwe zuva, ndakamira, ndaitarisira pamadziro, ndichiona ipapo dzimwe dzepfuti dzakanakisa dziriko, ndakafunga kuti, “Tsitsi Dzinondishamisa!” Ndakafunga kuti, “Ndichazvidzidzisa kupfura, uye kupfura zvakanaka. Uyezve, zvichida pane—pane dzimwe nguva ndoenda kumakomo, mumwe muvhimi akanaka achanditora kuti ndigova (nokuti zvichida anenge achida kudzivirira hupenyu hwake kuti asadyiwe nebere; anenge asina chokwadi, mumwe mupfumi)—anozonditora oenda neni, kungoti ndiende naye, somuchengeti wake. Pamwe ndingazoenda kundovhima kuAfrica rimwe zuva

somunhu anochengeta vamwe. Dai ndikadzidzira. Chinhu choga chandinokwanisa kuita kudzidzira kuva mupfuri, akadzikama. “O-o,” ndakafunga, “Mwari, zvifungei, Makaita kuti ndivhime munyika dzose. Chinhu chinoshamisa sei!”

Jim aigara achiverenga bhuku.

Zvino ini ndakati, “Jim. . .”

Akati, “Ini-ini-ndinofarira kuverenga pamusoro pazvo.”

Ndikati, “Jim, izvi zvinhu zvakaitwa nomumwe munhu; ndinoda kuzviita pachangu; ndinoda kuzvionera!” Pandakauya kuna Kristu handina kukwanisa kutora chitiko chomumwevo munhu; ndaida changu.

Ndinorangarira pandakaverenga bhuku raZane Grey *Lone Star Ranger*. Ndakatyora mabhurumu maviri kana matatu aMai, ndakaatasva ndichimhanya mumba, ndiri pabhiza ramabhurumu iri. Ini—ndakaverenga bhuku renyaya ya—yalone star ranger, uye kuti akaunza sei kururama kuBig Bend.

Zvino ndakazoverenga bhuku raEdgar Rice Burroughs rorongano rwa*Tarzan and the Apes*. Mai vaiva negumbeze rine mvere, gumbeze redehwe remhuka kana chimwe chakadaro chavakapiwa naMai Wathen. Zvino raiva mumba mavo, zvino ini-ini-ndakatora gumbeze iri. (Mai vakaziva kuti mhupo haisiyo yaritora.) Asi ini ndakanga ndaritora, ndarichekacheka, ndikagadzira sutu yaTarzan, ndikakwira mumuti. Ini—ndakagara hafu yenguva yangu ndiri mumuti, ndakapfeka sutu yaTarzan. Nokuti ndakanga ndaona zvaakanga aita, ndaida kuzviitavo.

Asi rimwe zuva netsitsi dzaMwari ndakawana Bhuku chairo, Bhaibheri. Rumbo rwangu nenyaya yangu zvakabva zvava: “Kuva saJesu; pano panyika ndinoshuva kuva saiYe.” Handidi kuva bhishopi, kana—kana rimwe gamba guru muchechi, mumwe papa, kana muprista. Ndinoda kuva saJesu.

Mhedziso, inokushandura. Pane chimwe chinhu pakuverenga Shoko raKe uye. . . Chimwe chinhu mumwoyo mako chinoshuva kuva saiYe. Unonyatsoziva. . . Zvakafanana. . .

Mhedziso muna Kristu—Mhedziso kumuKristu yakafanana ne. . . Ne—nechinomisa chikepe kuti chisafamba. Hongu, iwe—unofanira kuva nemhedziso. Zvino kana Kristu ari Mhedziso yako, akafanana nechinomisa chikepe kuti iwe. . . Kana mugungwa moita masaisai, chikepe chava kuda kunyura, zvino—tariro bedzi yaunayo kukanda simbi mumvura. Zvino, kana chikepe chichizunguzwa (maona?), kana—simbi iyi inomisa chikepe. Unoziva, tine rumbo (ndakanganwa zita romunyori warwo, asi. . .): *My Anchor Holds*.

Somukomana muduku (sokufunga kwatakaita nguva dzakawanda) achibhururutsa kayiti, hapana chawaikwanisa

kuona, asi akanga ane tambo. Zvino mumwe murume akapfuura napo akati, “Uri kuitei, Mukomana?”

Akati, “Ndiri kubhururutsa kayiti yangu.”

Akati, “Chii chaunacho muruoko rwako?”

Akati, “Itambo!”

Akati, “Kayiti iripi?” Akati, “Handisi kuiona. Zvakanaka, unoziva sei kuti uri kubhururutsa kayiti?”

Akati, “Ndiri kuinzwa; kudhonza kwayo.” Maona? Paiperera tambo iyi pakanga pane mhedziso. Kwaari, kayiti iyi ndiyo yakanga iri mhedziso, nokudaro aikwanisa kutaura kuti ndiri kubhururutsa kayiti; kunyangwe akanga asingachaioni, asi akanga akabata chimwe chinhu chakanga—chakaisunga! Ndzivo zvakafanana nomunhu, kana aberekwa patsva noMweya Mutsvene, akabata Chimwe chinhu chakasungirirwa pane imwe nzvimbo; uye dutu harimuzunguzi. Anoziva kuti zvose zvakanaka; akasungirirwa. Zvakanaka!

Zvino, kana tiri mungarava yedu yegwati, tiri kufamba rwendo rwohupenyu...Sezvakanyorwa nomunyori mukuru kuti:

Upenyu hakusi kutora!
 Uye mweya wakafa unovata,
 Uye zvinhu hazvisiri zvazviri.
 Upenyu ichokwadi! Huripo!
 Uye guva handiwo magumo;
 “Nokuti uri huruva uchadzokera kuhuruva,”
 Hazvina kutaurirwa mweya.

O-o, ndinofunga izvi zvakanaka kwazvo. Zvino, ndiLongfellow akanyora *Rumbo rwoHupenyu urwu*. Maona?

Tichifamba murwendo rwoUpenyu
 Kuhama iri yoga yakundika,
 Kuti ichiona ichawana tariro zvakare.
 (Maona?)

Zvino, tava kufamba muchikepe, chohupenyu; uye Kristu, muchikepe pamasaisai enguva...Kana madutu anyanya kusimuka, ndinofara kuti ndine Mbambo mukati, pane imwe nzvimbo; kunyangwe rufu chairwo harukwanisi kukubvisa kwaIri. Wakasungirwa paMhedziso yako.

Kristu ndiye Mbambo yedu. Iye Chii? Ndiye Shoko.

Pakutanga kwakanga kune Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko raiva Mwari.

Uye Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu, . . .

Zvino kana tichiziva kuti maitiro edu ari kunyatsoenderana neShoko, tichiziva kuti kudzidzisa kwedu kunonyatsoenderana neShoko (tisingawedzeri chinhu kana kutapudza, Shoko roga); uye tichiona zvavakaona (vamwe vakanga vari muShoko rimwe

chetero) richirarama muhupenyu hwedu, ipapo unenge une mhedziso. Hupenyu hwaKristu huchiratidzwazve mauri nenzira yokuti ari mauri sezvazvakanga zvakaita muna Kristu, nokuti aiva Mwari muna Kristu achiyananisa nyika kwaAri... Zvino unozoonza Mwari mauri akanyatsobata Shoko irori, chaizvo zvakaitwa naJesu, uye unozoonza Hupenyu hwaKe...

“Mabasa andinoita nemivo muchaaaita. Uyo anotenda mandiri (kwete uyo *anoedzesera kutenda*, kana uyo *anofunga kuti anotenda*, asi uyo anotenda)—uyo anotenda maNdiri, mabasa andinoita iye achaaaitavo.” Sei? Akasungirirwa paBwe rimwe chete irori. Ibwe iri chaiva chii? Shoko, nguva dzose! Wakasungirirwa ipapo.

Ndiyo Nyeredzi yako yoKumaodzanyemba kana warashika mugungwa. Munoziva, tine nyeredzi dzakawanda, asi panongova nyeredzi imwe chete yachokwadi, uye haifambi; ndiyo Nyeredzi yoKumaodzanyemba, nokuti yakamira pakati penyika. Hazvina mhosva kuti uri kuseri, kumusoro, kana kupi, Nyeredzi yoKumaodzanyemba iyi inoramba yakadaro. Ndiyo Nyeredzi yako yoKumaodzanyemba.

Zvino, munoonza? Pane nyeredzi dzakawanda dzisingagari panzvimbo imwe chete. Asi kana uri—uri mugungwa, ko, munhu wose anofamba mugungwa anozviza, kana muvhimi wose anofamba mumasango, anoziva kuti Nyeredzi yoKumaodzanyemba ndiyo—ndiyo yoga inogara iri panzvimbo; ndizvozo. Zvino, yakaita se-se-secompass. Compass hainongedzi kuMars, kana Jupiter, kana imwe nzvimbo; inokunongedzera kuNyeredzi yoKumaodzanyemba. Nei? Ndiyo mhedziso yako.

O-o, ini zvangu! Cherechedzai, mhedziso yako. O-o, ndava kuzotaura chimwe chinhu; ndiri kuchinzwa chichiya. Cherechedza! (Ndiri kunzwa kusimudzirwa kwazo mumweya panguva ino, nokuti izvi ndiko kugutsikana.) Cherechedza! Compass yako inokwanisa kungokunongedzera kuNyeredzi yoKumaodzanyemba. Ndiyo nzvimbo yoga yainokwanisa kunongedza. Kana iri compass yachokwadi inonongedza kuNyeredzi yoKumaodzanyemba nguva dzose. Ndizvo here? Zvino kana uno Mweya Mutsvene, Unongonongedza kuShoko chete! HaUnongedzi kudhinominesheni; haUnongedzi kuchitendwa; haUnongedzi kune imwe nzvimbo; Unongonongedza kuShoko! (Ndiri kunzwa kuda kudandizira!)

Cherechedzai, chimwe—chimwe chinhu chiri mumunhu, chiri kutubwida, paunowona Nyeredzi yako imire uko, Jesu Kristu, Shoko. Uye uchiona Mweya uri mauri usingaRitenderi kuti riende kurudyi kana kuruboshwe. Ndiye Oga anokwanisa... Akauya kuzotora zvinhu zvaMwari nokuzviratidza, nokuzvirarama.

Uye Jesu akati, “Achaita chaizvo zvinhu izvi zvandinotaura. Achakuratidzai zvinhu zvichazoitika (kukuratidzai zvisati zvaitika, zvisati zvasvika pano. Maona?). Achatora zvinhu zviri zvaNgu nokuzviratidza kwamuri. Ipapo, Achakuratidzai zvinhu zvichazouya.” (Johane 15)

Tinoona kuti Anoratidza zvinhu; Anatora zvinhu zvaMwari nokuzviratidza kwamuri; uye Achazarura kwamuri zvinhu zvakataurwa naJesu. Namamwe mashoko, Achazvijekesa. (Zvichengetedze pakona husiku huno, nokuti ndizvo zvatichasevenzesa kwenguva shoma.) Tichazviita kuti zvive chokwadi, kuita kuti zvisava nomuvhunzo (maona?), zvino unozoziva—kana Nyeredzi yako yoKumaodzanyemba, inova Shoko kumuKristu oga oga...Chinhu chose chinopesana neShoko...

Tarisai! Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Nyatsotererai. Uku ndiko kuzarurwa Kutsvene kuzere kwaMwari, kuda kwaKe, nokuuya kwaKristu; uye zvose zviri muBhuku umu zvakakwana. Zvino kana chimwe chinhu chichikubvisa kwaZviri, rasa compass iyoyo kure, nokuti chinongova chitendwa; sangano—rinongova pepa rawakachengeta muhomwe, raunaro riri mumba mako, kumadziro; idzidziso yavanhu! Vanhu, ngavawane Compass iyi inokutungamirira kuShoko! Ameni!

Cherechedzai, chiitiko ichi pachakaitika kuna Pauro, akaenda kuEgipita nokuArabia akandonzvera kwamakore matatu. Mwari ngaarumbidzwe! Wu-u! Aifanira kunyatsoziva. Zvino paakaona, Mweya Mutsvene pawakamutungamirira kushoko rimwe nerimwe, akazokwanisa kunyora Bhuku ravaHebheru nokuratidza maJudha awa. Hongu! Sei? Akanga anyatsonanga; Compass iyi yoMweya Mutsvene yakamunongedza kuNyeredzi yoKumaodzanyemba.

Zvino, kana pane chimwe chinhu chiri kukudhonza kubva paZviri, zviri nani uchiregedze. Ndizvozvo...?... Unokunongedza kuShoko raKe uye kuShoko raKe chete, nokuti Mweya Mutsvene wakauya kuzoratidza kana kusimbisa vimbiso dzaMwari. Hakuna dzidziso dzavanhu dzinoita izvi; hakuna sangano rinoita izvi; hakuna simba kana chimwe chinhu chinokwanisa kuzviita, Mweya Mutsvene chete neShoko; uye ndiYe Hupenyu.

Zvino, tora tsanga yegorosi, tsanga yakanaka yegorosi, asi hapana—hapana charinokwanisa kuita; harizi benyu kusvika hupenyu hwaya mariri, zvino rinozobereka dzimwe tsanga dzakawanda dzegorosi. Zvino Kristu ndiye Hupenyu uhu, Mhedziso. Kana gorosi iri risina Hupenyu mariri, harizomeri. Kana gorosi iri risina Hupenyu, ringadaro rakanaka kunze, asi harikwanisi kurarama, nokuti hamuna chokuti rirarame nacho. Asi kana rikawana Hupenyu uhu, rinokwanisa kutarisana

navatsoropodzi uye roti, “Ndichamuka zvakare.” Nei? Nokuti rine Mhedziso. Zviri mariri; rinotofanira kumuka zvakare.

Zvino kana . . . “Kana muchigara maNdiri, namaShoko aNgu achigara mamuri, kumbirai chamunoda.” Ndiyo Mhedziso. Asi kana une dzidziso dzavanhu nezvimwe zvose zvakasungirwa pairi . . . Haukwani kusanganisa mafuta nemvura. Unokwanisa kuzvitora nokuzvipatsanura; hazvikwanisi kusangana, nokuti zvinhu zviviri zvakasiyana. Zvino haungatori dzidziso dzavanhu neBhaibheri, dzinopesana neBhaibheri, wozvisanganisa. Haungatori dhinominesheni nechinamato chakasununguka—kana rupeneso rwakasununguka wovasanganisa pamwe chete, nokuti chokwadi, Mwari anongoshanda . . . Ndava kuchingozvitaura zvakadaro.

Mwari haatyori hurongwa hwaKe. Haakwanisi kuhutyora, nokuti Anoziva zvose. Uye ndinoziva, munoziva kuti, izvi—zvichaenda kuna vanhu vakawanda. Maona? Asi Mwari haakwanisi kutyora hurongwa hwaKe. Haakwanisi kuita chimwe chinhu rimwe zuva, ozoshanduka woita chimwe, uye Woti ndakanga ndakanganisa zuva riya.

Mwari haashandi namapoka avanhu; Mwari anoshanda nomunhu mumwe, nokuti vanhu vane pfungwa dzakasiyana; nokuti vakaumbwa zvakasiyana. Zvino Mwari anofanira kutora munhu uyu, womushandura, nokumubudisa mune zvaari, kusvikira Amuisa muhunhu hwaKe; zvino Mwari wozoshanda nomunhu uyu.

Tarisai muzvizvarwa zvose, Noa naMosesi, vaprofiti, hapana kumbova navaviri vavo panguva imwe chete—mumwe, nguva dzose zvichidzika muzvizvarwa zvose. Nokudaro, kana uchiti, “Muruzhinji mune zano rinobatsira” . . . Zvitarise!

Sokuparidza kwandakaita imwe nguva shoma yapfuura pano patabhernakeri, paiva naAhabhi; naJehoshafati. Zvino vakanga vachienda kuRamoti Gireadhi kundorwisa vaivako . . . Pane zvaitaurwa chakanga chiri chokwadi; nyika yakanga iri yavo. Uye mu—muvengi, vaSiriya vakanga vachigutsa vana vavo negorosi raifanira kuva ravaIsraeri—nyika yavakanga vapiwa naMwari. Nokudaro pazivo yavakanga vanayo zvairatidzika kunge zvakanaka. “Enda neni, tiende tose ikoko, uye tindovabvisa vose munyika umu.” Zvino, zvainzwicka sechinhu chakanaka; nezivo yavo zvairatidzika kunge zvakanaka, asi pahupenyu hwaidiwa hwakanga husipo.

Jehoshafati, somunhu akanaka, akati, “Asi hatifaniri here kuvhunza Ishe?”

Zvakadaro, Ahabhi, akanga adzokera shure, akati, “Zvakanaka, chokwadi” (aiva mutendi wapakati, munoziva). Akati, “O-o chokwadi, ndanga ndichifanira kunge ndafunga izvi. Ndina mazana mana avaprofiti vechiHebheru—mazana

mana avo vandinopa zvokudya, ndinovachengeta. Ndivo vakanakisa varimo munyika. Tochivadana.”

Zvino vose pamwe chete vari muhumwe vakati, “Endai; Ishe anemi.” Pane zvaizikanwa vakanga vari mugwara, asi vakanga vasina kuwana Mhedziso.

Zvino paakati, “Hapana mumwe here?” . . .

Akati, “Hongu, pano mumwe, asi ndinomuvenga.” Akati, “Anogara achitaura zvakaipa pamusoro pangu (maona?), anogara achitaura . . .”

Aigoprofita zvakanaka sei, iro Shoko rose . . . ? Eria, akanga atanga kuuya, akati kuna Ahabhi, “Imbwa dzichananzva ropa rako.” Zvino, muprofita uyu akasimbiswa aigotaura sei chinhu chinopesana nokuda kwaMwari? Uye zvakare kuti imbwa dzichadya Isabheri, nendove yaizova muminda, zvokuti vakanga vasingazogoni kutaura kuti, “Pano ndipo pavigwa Isabheri.” Pano kutukwa kwakadai pamunhu, mumwe munhu aizokwanisa sei kuropafadza?

Ndizvo zvakaita nhasi. Munhu angaropafadza sei zvinhu izvi zviri kubvisa vanhu pana Mwari nguva dzose? Pane chinhu chimwe chete chokuita. Kana zvichireva kumira woga, tuka chinhu ichi muZita raShe uye womira wakadaro, kana une mhedziso . . .

Zvino unoti, “Zvino, Hama Branham, munoita kuti vanhu vakuvengei.”

Mwari anondida. Ndiyo—ndiyo Mhedziso yangu. Haukwanisi kuzorora paruoko rwenyama, unofanira kuzorora paShoko, zvakataurwa naMwari kuti uite.

Mikaya akaziva sei kuti akanga ari mugwara? Akamirira; aiva nechiratidzo. Ivo vaivavo nechiratidzo zvakare, asi chiratidzo chavo chakanga chisingaenderani neShoko. Zvino nhasi ndizvo zvimwe chetezvo. Mikaya akaenzanisa chiratidzo chake neShoko, zvino akaona kuti iye neShoko vaiwirirana. Nhasi, kana chiratidzo chako chichipesana neShoko, chisiye, nokuti imhedziso isiri iyo. Mhedziso yaMikaya yakanga yakanyatsonanga muShoko, nokudaro aikwanisa kumira oti, “Iye . . .”—zvaaitaura uye—uye aizvitenda. Pavakamurova muromo vakati, “Mweya waMwari waenda nokupi?”, akati, “Uchazoziva kana wagara muimba yomukati.” Ndizvo.

Akati, “Kana ndadzoka murugare . . . Muise murume uyu muimba yomukati, uye kana ndadzoka murugare,” Ahabhi akadaro, “Ndichazoonana naye.”

“O-o zvino, Mikaya, uchaitei? Musoro wako uchadimurwa kana adzoka!”

Mikaya akamira ipapo sezvakaita Stefano (Ameni!), achinyatsoda sezvakaita Ishe vachifamba vachienda kumuchinjikwa, nyore nyore sezvakaita Dhanieri achienda

kugomba reshumba, kana Shadreki, Misheki, Abhedhinego vachienda kumwoto. Chokwadi! Akamira akati, “Kana ukadzoka zvakare...” Nei? Ainyatsoziva... “Kana ukadzoka zvakare, Mwari haana kutaura neni. Dimbura zvako musoro wangu zvino.”

Aiva neMhedziso. Aiziva kuti Compass yake, yakanga yamutungamirira kuchiratidzo ichi, yakanga yakanongedza kuNyeredzi yoKumaodzanyemba. Hongu, changamire! Akanyatsomira. Hongu, Shoko uye Iro roga...

Kana Mhedziso yako, kana une Mhedziso muhupenyu hwako...

Paiva neimwe nguva, munoziva, vetsika dzakanaka pakudya vaiva nemhedziso. Ndakanganwa zita romukadzi uyu, asi nyika yose yaivimba nezvaitaurwa nomukadzi uyu. (Ndakanganwa zita rake. Ndanga ndichinyora kapepa pano; handichazivi kuti zita romukadzi uyu—rainzi ani.) Asi pano makore mashoma apfuura paifanira kuva... Mudzimai uyu, zvaaitaura... Kana akati sevenzesa banga noruoko rworuboshwe, ndizvo—ndizvo zvaitwa; ndiyo yaiva mhedziso. Ndiye aiva ne—nemhinduro kwazviri zvose. Zvino kana iwe ukatora forogo noruoko rworuboswe, zvino unenge wakanganisa kwazvo. Zita rake raiva ani? [Ungano inopindura, “Emily Post”—Mupepeti.] O-o, ndizvozvo, chokwadi. Hongu, ndiye.

Zvino, wakanga ari—wakanga ari mhedziso—akanga—akanga ari mhedziso kune zvetsika dzakanaka pakudya. Zvinofanira kudaro. Sezvakaita, o-o, zvinhu vizhinji zvatinoona zvakaita seizvi. Asi tinoona zvino kuti zvakaopera. Idya nenzira yaunoda. Hongu, changamire! Zvakanaka! Asi iye aiva mhedziso kutsika dzakanaka. Waifanira kuzviita nenzira yake.

Pane imwe nguva Adolf Hitler yaakanga ari mhedziso muGermany. Chero chaaitaura... Kana akati, “Tomukai!” vaitomuka; kana akati, “Urayai!” vaiuraya. Pamamiriyoni amaJudha, akagutsurira musoro wake. Munoono here kuti chii chakaitika kumhedziso yorudzi urwu? Zvairatidzika sesimba, asi zvakanga zvichipesana neShoko.

“Unoziva sei kuti zvakanga zvichipesana neShoko?”

Mwari akati... Haasi Bharami here akaedza kushora nokutuka Israeri, akati, “Une simba rakafanana nerenyati. Matende ako akanaka zvikuru sei. Ani nani anokutuka achatukwa; anokuropafadza acharopafadzwa.”

Dai Hitler akaona izvi. Dai maKristu omuGermany akaona izvi. Maona? Mhedziso iyi... Yaipesana neShoko iri... Munoziva, sezvakambotaurwa kuti, “Munhu—Mwari akasika munhu, asi munhu akaita varanda”—mumwe achiedza kutonga mumwe. Tino Mutongi mumwe chete, ndiye Mwari.

Asi Hitler akava mhedziso kuGermany. Zvitarisei nhasi. Zvino, maona zvakaaitika here? Yaiva mhedziso isiyo. Sei? Yaipesana neShoko! Iko zvino, makazoono here kwazvakasvika? Pakunyadziswa.

Zvino kana mhedziso yako iri mune rimwe sangano, kana mamwe manzwiro, kana chimwevo chinhu chisiri Hunhu hwaJesu Kristu, uchasvika panzvimbo imwe chete yokunyadziswa, kana kupfuurira. Maona? Kana mhedziso yako isiri Kristu, ndicho Chinangwa choga chohupenyu hwomunhu; uye Kristu iShoko, kwete chechi yako, shoko rako, Shoko. Maona? “Pamusoro peMhedziso iyi ndichavaka Chechi yaNgu”—pana Kristu, Shoko.

Pane imwe nguva Mussolini paakanga ari mhedziso kuRoma. Handizivi, ndingadai ndakaverenga chinyorwa, kana kuti ndakazviverenga mubhuku, kana kuti mumwe munhu akandiudza; asi mumwe munhu akanga achitaura naMussolini aiva—aiva—aida kuunza Rome mune zvevitambo—mitambo. Zvino pane chimupunzo chikuru chakanga chaumbwa pamusoro pake nezvevitambo. Ndizvo chaizvo! MaGiriki aimbova nepfungwa idzi makore akawanda apfuura. Rome nguva dzose yakaedza kuzviita. Mitambo yakanaka, asi-asi—mitambo, asi-asi rangarirai, hazvitori nzvimbo yaKristu. Hazvina mhosva kuti wakasimba sei, hazvina chokuita nazvo. Iye ndiye simba rose.

Uye munoona here paakaedza kuvakira Rome? Akaedza kuvakira Rome pachinhu chokuti ive mhedziso; iye ndiye akava mhedziso iyi. Zvino vanoti rimwe zuva mutyairi—mutyairi wemotokari yake—mutyairi akakurumidza kuuya nemineta imwe, ndokubva amupfura. Akati, “Handina kuti uuye mineta imwe nguva dzepfumbamwe dzisati dzakwana; ndati uuye nenguva dzepfumbamwe!”—dhu-u! ndokumupfura. Maona? “Handidi kuti ukurumidze nemineta; ndinokuda pano nenguva dzepfumbamwe!” Maona? Tarisai kuti akaedza kuzviita mhedziso yakadii. Asi muri kuona here zvakaaitika?

Munorangarira (vazhinji venyu pano, vakare, Roy Slaughter dzimwe nguva, tichidzokera shure mune izvi)—munorangarira here zasi uko pandakakuudzai nechiprofita? Rimwe zuva pasi uko muOdd Fellow’s building, tisati tauya pano, ndakati, “Mussolini achasvika pakunyadziswa.” Ndakati, “Kurwisa kwake kwokutanga, achaenda Ethiopia; uye Ethiopia ichakundwa, asi achasvika pamagumo ake, uye hapana anozomubatsira; achavigwa mukunyadziswa.” Ndipo paari.

Ndakati, “Pane maism matatu achasimuka, Nazism, fascism, necommunism.” Ndakati “Maism awa achaunganidzana ose oita chinhu chimwe; chinova communism. Tarisa! Communism ichapisa Rome.” Maona? Imi zvitarisei. Ichombo chiri mumaoko aMwari. Vanofunga kuti vari kupesana naMwari, asi vari

kushanda mukuda kwake nguva dzose, havazvizivi. Ari kungovashandisa somudziyo, somudziyo uri muruoko rwaKe, sezvaAkaita kuna Nebhukadhinezari navamwe vakawanda.

Zvino cherechedzai! Maona? Zvino, pane imwe nguva Farao yaaiva mhedziso muEgipita, asi onai kuti zvava papi iko zvino. Maona? Zvose zvinokundika. O-o, imhando isiyi, nokudaro inogara ichikundika. Imhedziso dzavanhu. Haukwanisi kutora mhedziso yavanhu, hazvina mhosva kuti angava—angava mukuru wenyika, kana ari mudzvanyiriri, kana ari mambo, kana iri chechi, kana riri sangano, kana dzidziso dzavanhu, zvinhu zvose izvi zvichaparara, sezvakaaita mhedziso dzose dzorudzi urwu muzvizvarwa.

Tinokwanisa kutarisa kumashure. . . Totarisa kumashure! Totarisa vanhu vaivimba navatongi; totarisa vanhu vaivimba navadzvanyiriri; tarisa vanhu vakaisa kuvimba kwavo pamhedziso dzorudzi urwu; *zvino mogotarisa kwavari nhasi!*

Zvino, ngatishanduke tione vanhu vakaisa tariro yavo paBhaibheri, paShoko raMwari nokubatirira paRiri kuti rive Mhedziso; tarisa kuti varipi iko zvino.

Pauro anokuudza muchidimbu muvaHebheru chitsauko 11: zvavakaita, kuti vakakunda humambo sei, vakaunza kururama, nezvimwe; uye vakadzungaira vakapfeka matehwe ehwai nembudzi, vakanga vasina kukodzerwa nenyika, vakamirira mukubwinya Vachimirira kumuka kukura. Maona? Zvakana! Nokuti ivo. . . Vamwe vavo—havana kuwana mashura, uye vakapira miviri yavo zvakadaro, vachitarisa mberi mukumuka. Kutorerwa hupenyu hwavo, vakanga vasina basa nazvo; vaida kuenda kundozvipirisa pachavo, kuti vagowana Kumuka; uye ndizvo zvavakaita.

Zvino, mhedziso. . . Tiri kutaura. . . Mhedziso. . . Munoziva, Dare redu Guru rokutonga mhosva imhedziso. Imhedziso; ndiro rino—ndiro rinogumisa kukakavadzana kwose munyika muno. Ndizvo chaizvo. Sarudzo yavo imhedziso, muDare ravo Guru rokutonga. Ndizvo. O-o, ndinoziva kuti dzimwe nguva hatizvidi, asi—ndiro mhedziso zvakadaro. Hongu, changamire. Zvino dai tanga tisinaro, chii chaizoitika? Asi ndiro mhedziso. Chokwadi ndiro. Sei? Kuti—nyika yedu yakasungirwa kwariri.

Kana Dare redu rokutonga rikaita sarudzo yokupedzisira, ndizvozvo; hapana chimwe. . . Unozoenda kupi mushure mazvo? Unototevera sarudzo yavo, ndizvo chete; unotofanira kudaro. Ndivo mhedziso; ndivo “ameni.”

Unogona kundotongwa mudare duku romuguta; unogona kundotongwa kwamejasitireti, wozenenda kune mamwe—kune mhando dzamatatare akasiyana, uye kune mamwe matare; asi kana wasvika kuDare redu Guru, ndizvo. Ndizvozvo. Dzimwe nguva hatidi kuti—kuti, “Zvino, handidi sarudzo yavo,” asi

imboedza kuzvinzvenga kamwe. Ndiyo mhedziso yenyika ino. Ko zvino dai tanga tisina dare iri? Hongu.

Tinofanira kuva nemhedziso. Munhu wose anofanira kuva nayo. Unayo. Asi chandiri kuedza kukuudzai, kuisa nheyo nokukuratidza kuti mhedziso chii.

Zvino, Dare Guru rokutonga mhosva munyika ndiro mhedziso yenyika. Ndicho chinhu chokupedzisira pakukakavadzana kwose. Ndivo vanozvipedza. Zvavanotaura, ndizvo zvinoitwa.

Pane mhedziso pamutambo wenhabvu. Uyu ndiye muzvinapembe. O-o, hongu! Dzimwe nguva hatidi sarudzo yake, asi ndi—asi ndizvo—ndizvo zvazviri zvakadaro. Muongorori, sarudzo yake ndiro shoko rokupedzisira. Ndizvo. Hazvina mhosva kuti vamwe vanoti chii; kana akati ranwa, ranwa. Ndizvo! Chokwadi. Hazvina mhosva kuti vamwe vanoti kudii, havana chokuita nazvo. Zvino ngatifungei pamusoro pazvo. . . Kana iwe. . . (Handiendi kumutambo wenhabvu, asi zvangoitika kuti ndanyora izvi pasi.) Mu— muongorori, ndiye mhedziso pamutambo wenhabvu.

Mumwe wavo angati, “Bhora iri ranwa!”

Mumwe woti, “Unonyepa!”

Uyu achiti, “Izvi hazvina kuita saizvo; zvinofanira kuva seizvi.”

Muzvinapembe akati, “Ranwa!”

Maona? Vamwe vose vanobva vagara pasi. Vanogumbuka, vamwe vavo. Asi ndinofunga “vanomutuka” nechomumwoyo, “asi ranwa” zvakadaro. Asi? Ndiye ane shoko rokupedzisira.

Mutariri wokutanga anoti, “Unozivei, ranwa!”

Mumwe woti, “Unozivei handizvo. . .”

Iye anoti, “Ranwa!” Zvapera. “Chinyararai zvino, dzokerai kunzvimbo dzenyu.”

Ko zvino dai pasina muzvinapembe pamutambo wenhabvu? Vakomana, unganganga kuti ungangadai uri mutambo wakadii? Mumwe achiti, “Ranwa!”

Mumwe woti *izvi*.

Mumwe woti *izvo*.

Mumwe woti, “Unonyepa!”

Pangava nokukakavadzana nokurwa. Kuti pave nomutambo wenhabvu, panofanira kuva nemhedziso. Uye anouyapo, zvakare hazvina mhosva kuti unomufarira here kana kwete, iye—iye ndiye mhedziso zvakadaro. Ndiye mhedziso; shoko rake ndiro rinopedzisa zvole. Hazvina mhosva kuti unotaura chii pamusoro pazvo, ndizvo zvazviri. Zvino, dai vanga vasina, mutambo wose waiita nyonga nyonga. Ndizvo here?

Nyika yaiita sei dai pasina dare rinotonga? Dai pasina Dare Guru rokutonga munyika muno, taizoendepi—taizoendepi? Nyika ino ingadai ine nyonga nyonga.

Dai pasina—dai pasina muzvinapembe pamutambo wenhabvu, zvaizoguma sei—waitanga kurikanda, mumwe ava kutoita nharo newe kare. Mumwe munhu angamira ipapo uye dzimwe nguva—ranyatsonwa, mumwe woti, “O-o, kwete! Kwete, kwete, kwete! Harina kunwa!” ipapo motanga zvakare. Bhora rokutanga rikakandwa, vanoita nharo pamusoro paro. Mumwe wavo woti, “Ranwa!”

Vamwe woti, “Harina!”

Maona? Panofanira kuva nomumwe munhu anoongorora mutambo uyu, zvino ndiye muzvinapembe. Kana akati, “Ranwa!” ranwa. Kana akati, “Ibhora!” ibhora. Chero zvaanenge ataura, ndizvo. Ndizvozvo! Zvino dai pasina muzvinapembe, hapagoni kuva nomutambo.

Regai ndikuratidzei imwe mhedziso. Pane robhoti dzvuku, robhoti dzvuku. Kana rikati, “Mira!” zvinoreva kuti mira! Kana ukamhanya uchipinda, uchazobhadhara. Zvino dai guta rino risina magetsi awa, marobhoti, ringadai riri guta rakadii? Rinofanira kuva nemhedziso. Handina mhosva kuti mupurisa kana mumwevo munhu amirepo anoti kudii; hapana zvaanoita.

Kana mumwe munhu akakwanisa kusimbisa kuti wakapinda parobhoti riri green, handina mhosva kuti mupurisa anotaurei, anenge achikanganisa. Kana robhoti rikati, “Enda!” zvinoreva kuti uende. Ndiyo mhedziso. Unokwanisa kunyatsozviona, robhoti rati, “Enda!” Mupurisa anogona kunge akamira pane imwe nzvimbo, meya weguta anogona, kunge akamira pane imwe nzvimbo, hazviiti kana mutsauko. Kana zvichinyatsozikanwa kuti rakanga rati “enda,” unoenda; zvino kana mumwe munhu akaroverana newe, imhosva yake. Unokwanisa kuzvisimbisa. Ndizvo. Tinokwanisa kunyatsosimbisa zvatiri kutaura pamusoro pazvo. Ndizvozvo.

Zvino, ko dai pasina robhoti dzvuku? Mumwe aimhanya panosangana migwagwa, izvo. . . Onai kuti zvaiita sei. Mumwe woti, “Iwe, ibva munzira; pano kwandiri kumhanyira. Ndinofanira kumhanyira kubasa; ndanonoka izvozvi. Ndava kupinda iko zvino.”

Mumwevo woti, “Unofunga uri chii, ndini ndiri kuzopinda, nokuti ndini ndatanga kusvika pano.” Zvino ndinokwanisa kuona mukadzi achibuda achitanga kugadziridza vhudzi rake.

Dai vanga vasina robhoti dzvuku? Pangadai pasina nyonga nyonga here mumugwagwa!

Ndiro dambudziko namachechi. Maona? Ndizvo. Ndicho chikonzero vane nyonga nyonga yamadinominesheni.

Ndizvozvo chaizvo. Hapana ari kubudirira, vakangomira, vachiita nharo.

Herino Robhoti raMwari. Kana Rikati, “Enda!” enda. Kana Rikati, “Mira! Zvakwana!” mira ipapo. Ndizvo. Ndipo patakazorora, Ipapo, paShoko iroro, kwete zvakataurwa neboka ravanhu kana kuti rimwe boka ravanhu rakati kudii.

Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda.” Ngatiendei! “Endai pasi pose, paridzai Evhangeri kuzvisikwa zvose.”

Munoziva, kunyangwe kudzidza kwakanaka kwazvo, asi Jesu haana kumbokufarira. Ndizvozvo. Kunyangwe machechi akavakwa, zvakanaka, haAna kumbofarira izvozvo. Kunyangwe zvipatara zvakanaka...Isu—machechi tinovaka zvipatara. Zvose zvakanaka, tinozvifarira, asi haAna kumbozvifarira.

Akati kuChechi, “Paridzai Evhangeri.” Zvino Evhangeri harina kuuya muShoko bedzi, asi kuburikidza nesimba nokuratidzwa kweShoko. Pauro akadaro. Zvino endai mundoratidza Evhangeri. O-o, imiwe! Dai zvanga zvakadaro..

O-o, tiri kurarama nhasi munguva yatina vana chiremba vakanakisa vatati tambova navo. Tine mishonga yakanakisa yatisina kumboshandisa kumashure. Munozviziva izvozvo. Tinoremekedza varume ava; tinovanamatira. Ini ndinodaro, uye ndinotenda kuti unodarovo. Varume ava, namanzwisiro avo okubata...Vane zvokuziva nazvo zviriviri zvanoshanda nazvo basa, ndiko kuona, nokubata, no—nokunzwa. Vanoshanda nokunzwa kurova komwoyo, kana—kana mabatiro avanoita bundu kana chimwe chinhu, kana maonero avanoita chimwe chinhu, kana mafambire echirwere, kana— kana chimwe chinhu kumeso chiri kupararira kumeso kana imwe nzvimbo yomuviri. Ivo—vanoshanda zvinhu izvi (maona?), nokuti izvi...Vanoedza kutora mishonga, yakawanda zvokuti unogona kuchirapa, asi usingakurayi iwe, ne—nezvimwe. Havazo...Ibasa ravo rokushanda nazvo. Zvino tinofarira izvozvo; zvakanaka kwazvo.

Asi, tina vana chiremba vakanaka kwazvo, mishonga yakanaka kwazvo, zvipatara zvakanaka kwazvo, tine hurwere hwakawandisa hwatisati takambova nahwo. Tino kusatenda kwakawanda kwatisati takambova nako. Hongu, changamire! Ndizvo chaizvo.

Vaparidzi vakazviita sangano, vakaita madhinominesheni makuru, ndokutora vose vose, navakadaro (navose vachiita nhengo dzechechi); vakavaisa muzvikoro zvebhaibheri, sehukwana dzinochochonywa nomuchina (ndokuvabudisa vane—vane pfungwa dzakarodzwa saizvozvo), panguva imwe cheteyo vasingazivi kana chinhu pamusoro paMwari somuHottentoti asingazivi zvakaita husiku kuEgipita. Vakavabudisa seizvi, uye... Wazvionaka. Maona?

O-o, zvatinoda mumachechi edu munhu ane Mhedziso! Zvatinoda muhechi yeMethodisti, muhechi yeBhaptisti, chechi yePentekosti, nechechi yePresbyteriani iMhedziso—munhu waMwari anomira akasungirirwa kuShoko nokuna Kristu, nokuisa ungoro pasi pechirango zvokuti nhengo imwe neimwe inofamba iri pachirango cheShoko iri, ichiona Shoko iri richiratidzwa, vachiritevera, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda, pasi pose.”

Vanoti, “Izvi zvakaopera.”

Jesu akati, “Endai munyika yose; muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose.”

Hatisati tasvika nyika yose, zvakare tichiri kure nokusvika kuzvisikwa zvose. Kusvika kupi? Kunyika yose. Kuna ani? Kuzvisikwa zvose. Chii chinzoitika? “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda: MuZita raNgu vachadzanga madhimoni; vachataura nendimi itsva; kana vakabata nyoka kana kunwa chinhu chinouraya, hachizovaurayi; kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.”

Ndiyo Mhedziso yakamira ipapo, Shoko, Nyeredzi yoKumadzanyemba, necompass inonongedza kwaIri. Ndzivo zvatinoda.

Asi takaenda tikandovaka zvikoro zvebhaibheri, takaita sangano ravanhu, tikava nenhengo, takaita nharo namaBhaptisti (nokuti vakanga vasingatendi zvatinotenda) namaMethodisti (nokuti vakanga vasingazviite nenzira iyi); takavaka chikoro chebhaibheri chikuru, namachechi makuru, ano mukati makanaka, neorgan huru, nezvakadaro, neboka rinopfeka zvakanaka; vano mukuru weguta navamwe vose muhechi mavo; zvino chii chatinacho? Boka rino rufu, rakasungirirwa kumhedziso yedhinominesheni! Rufu! O-o, ngazvirege kudaro!

Kana ndikafira munzira, Mhedziso yangu ndiJesu Kristu; pane Izvi ndinotenda. Kana munhu wose akaenda... Mumwe munhu akati—Dhokota Davis akati kwandiri, “Billy, ukaparidza zvinhu zvakaaita seizvi, uchazviparidzira kumapango emuchechi.”

Ndikati, “Ndinenge ndichiparidza Shoko raMwari kumapango awa, nokuti Mwari anokwanisa kumutsa mapango awa kuva vana vaAbhurahama.” Ndizvozvo! Shoko raMwari nderechokwadi!

Vakati, “Unofunga kuti vanokutenda here?”

Ndikati, “Harisiro basa rangu. Basa rangu kugara ndakatendeka kuShoko.” Ndizvozvo.

Vakati, “Unofunga here kuti ungasangane nenyika yakadzidza sezvizvi nedzidzo yebhaibheri—nokupodzwa kutsvene?”

Ndakati, “Hakusi kupodza kwangu Kutsvene, ivimbiso yaKe. Iye ndiYe akaraira.”

O-o, ndinorangarira paAkadzika muChiedza chikuru, ndakamira murwizi, muna 1933, muna June, paAkati, “Sa—saJohane Mubhabhatidzi akatumwa kuzozivisa kuuya kwaKristu kokutanga, ndinokutuma neMharidzo kunyika kuti uzivise kuUya kwaKristu kwechipiri.” Zvino kwamakore gumi namashanu mwoto worumutsiro wanga uchipfuta pasi pose. Kupodzwa Kutsvene kunyika dzose, nesimba, nokudzoreredzwa, iko zvino, ndinotenda kuti yava kusvika panhongonya, kuunza kutenda koKubvutwa kuChechi kuti iende mukuBwinya; uye Kuri muMharidzo! Tanyatsova kumagumo enguva. Takataura pamusoro pazvo nezvimwe zvose, asi zvinhu zvasvika patiri zvino. Zvinzwei! Hongu, changamire! Ndicho chimwe! Ndizvozvo!

Robhoti dzvuku, sezvandambotaura, ndiro rinopedza nyaya yose! Zvopera. Robhoti dzvuku rinokuudza kuti ndiani anofanira kutanga kupinda. Hazvina mhosva kuti mumwe munhu anoti kudii, zviripakuti robhoti dzvuku rinoti kudii. Kungazova nenyonga nyonga mumigwagwa kana mukasadaro, kana musingatereri robhoti dzvuku. Panofanira kuva nemhedziso. Hongu, changamire!

Sezvakanogaitavo Chechi, inofanira kuva neMhedziso. Kuvanhu vari muchechi, munofanira kuva nemhedziso yenyu. Asi nhasi chechi yoga yoga ine mhedziso yayo. Maona? Havaedzi kutura . . .

“Isu maBhaptisti tinotenda *izvi!*”

“Isu maMethodisti tinotenda *izvi!*”

“Isu maPresbyteriani tinotenda *izvi!*”

“Isu maPentekosti tinotenda *izvi!*”

Zvakanaka, asi sei musingatori Rose? Chii chakaipa nerimwe Rose?

“Isu maBhaptisti tinotenda mukunyudza mumvura.”

Zvakanaka. Ko kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene? Ko kutaura nendimi? Ko zvipo zvokupodzwa? Ko kuprofita?

O-o, kwete! Hatitendi; izvi—izvi zvakananga zvirizvechimwe chizvarwa.” O-o, ini zvangu!

MaPentekosti, munoti, “Zvino, tinotenda mukutaura nendimi sechiratidzo.”

Chokwadi, kutaura nendimi kwakanaka, asi handicho chiratidzo. Vanhu vazhinji vakataura nendimi (ichokwadi), uye ndipo pavakagumira. Dhiyahhorosi anokwanisa kuedzesera zvipo zvose, chipo chose chiri muBhaibheri.

Pauro akati, “Kunyangwe ndikataura nendimi dzavanhu nedzaVatumwa; kunyangwe ndikapa mutumbi wangu kuti

upiswe sechipiriso; kunyangwe ndikatengesa zvose zvandinazvo ndichipa varombo, kunyangwe ndine kutenda kokufambisa makomo; kunyangwe ndikaenda kuchikoro chebhaibheri ndikadzidza zvose zvinofanira kudzidzwa, handisi chinhu.”

Hunhu hwaKristu. Kristu! Mugamuchire iYe; zvino haukwani kuMugamuchira kana usingakwani kugamuchira Shoko raKe. Shoko rinofanira kutanga kuuya; hupenyu hwozouya muShoko hworatidza Shoko iroro.

Jesu haana kuti here, “Kana ndisingaiti mabasa aBaba vaNgu, musaNditenda?” Raiva Shoko raMwari rairatidzwa. Mwari akanga ari muna Kristu, achiyananisira, Achizviratidza kunyika, kuti aiva Ani. Ndiyo—ndiyo yaiva Mhedziso. Ndiyo yaiva Mhedziso yoKusingaperi.

Zvino ungate, “Zvakanga zviri zvoKusingaperi here, Hama Branham?” Hongu! “Zvino ko nhasi?”

Jesu akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa andinoita naiye achaitavo”—Mhedziso imwe cheteyo. Zvakanaka!

Mumwe nomumwe ane mhedziso yake. O-o, ini zvangu! Zvakangoita sezvazvakanga zvakaita mumazuva aVatongi: munhu wose aiita zvaanoda. Mumazuva aVatongi munhu wose aiva ne—nemhedziso yake. Aingoita zvaanenge achida, uye ndizvo zvazvakaita iko zvino. Munhu wose anoita zvaanoona zvakanakira.

Zvino, unoziva here kuti sei vakazviita mumazuva aVatongi? Izvi zvingangovhundutsa zvisihoma. Asi chikonzero chavakazviitira mumazuva aVatongi, ndechokuti kwakanga kusina muprofitu mumazuva awa wokuti Shoko raShe riuye kwaari, nokudaro munhu wose aingoita zvaanenge achida.

Zvino ndizvo chaizvo zviri kuitika nhasi. Hatina muprofitu mumazuva ano amadhinominesheni, asi Mwari akativimbisa mumwe. Maona, maona? Akadaro. Mumazuva okupedzisira Aizomutsa nokutuma Eria zvakare, uye aizoisira mwoyo yavana mukutenda kwamadzibaba—kudzokera kuPentekosti yapakutanga. Munoziva Akataura izvi!

Uye ndinoziva kuti munoverenga, sezvaAkaita kuna Johane (mu—muna Mateo chitsauko 11 ndima 6, ndinotenda ndiyo) pavakati, “Munofunga kuti munhu uyu aiva ani, Johane uyu?”

Akati, “Kana muchikwanisa kuzvigamuchira, uyu ndiye akataurwa zvichinzi, ‘Tarirai Ndinotumira nhume yaNgu pamberi paNgu.’” NdiMaraki 3, kwete Maraki 4. Asi zivai, kana uyu akanga ari Maraki 4, Shoko rakakundika, nokuti Akati panguva iyoyo nyika yose yaizotsva, uye vakarurama vaizofamba pamusoro pamadota avakaipa. Kwete! Musazvisanganisa, hama; zviitei kuti Zvitaure zvaZvinotaura. Ndizvozvo. Akazvivimbisa mumazuva okupedzisira, uye zvinenge zviri pakati pedu.

Rangarirai, mumazuva aVatongi, munhu wose aiita sezvaanoda. Pakanga pasina munhu, aikwanisa kuti Shoko iri rirarame. Pakanga pasina muprofita. Shoko raShe nguva dzose rinouya kumuprofita (ndizvozvo), uye nguva dzose anovengwa. Kaboka kaduku ndiko kanomuda! Uye . . . Maona? Asi ndinoreva kuti, zvakagara zvakadaro.

Mwari haashanduri maitiro aKe; haAngashanduki akaramba ari Mwari. Kana Mwari akataura chimwe chinhu kana kuita chimwe chinhu, Anofanira kuzviita panguva inotevera. Kana nyonga nyonga ikavapo, kana Akasaita sezvaAkaita pakutanga, Akakanganisa pakutanga. Zvino ndiani angati Mwari akanganisa? Ndiwe ani ungapomera Mwari chivi? Ndizvo zvakataurwa naJesu: “Ndiani wenyu angaN dipomera chivi?”

Chivi chii? Kusatenda. “Uyo asingatendi akatongwa kare.”

“Ndiani wenyu angaNdiratidza kuti handina kuzadzisa zvaifanirwa kuitwa naMhesiyasi?” Maona? Hapana akapindura. Akanga ari; Mhesiyasi akanga azviita Muprofita, uye Akasimbisa kuti Aiva izvozvo. Vakanga vagara vasina muprofita kwamazana amakore, kubva pana Maraki, zvino iYe akabva auya. Vanhu havana kumunzwisisa uye aiva chigumbuso kuchechi yavo, nokuti Akati, “Tarirai ndinoisa muZion, Ibwe rapakona, Rinokosha, rakaedzwa, o-o, ibwe rechigumbuso. (Hongu!) Asi ani nani anotenda kwaAri haanganyadziswi.” Ndizvo. Ndizvo zvaAiva. Uye ivo . . . Vakanyatsozadzisa Gwaro. Asi avo vakaMutenda vakava neMhedziso.

Marita, paakaona Razaro achibuda muguva, akaziva kuti Uyu aiva ani. Kunyangwe zvisati Zvaitwa, aiva nemhedziso yokuziva kuti, “Ndinotenda kuti ndiMi Mwanakomana waMwari aizouya munyika. Kana zvino, nyangwe hanzvadzi yangu yafa, ingotaurai shoko; Mwari anozviita.” Amen! Aiva namaonero kwawo. Ndizvozvo.

PaAkati . . . paAkataura izvozvo, uye aizvireva nemwoyo wose. (uye aizvireva nomwoyo wose) Akati, “Makamuviga kupi?”

Akati “Uyai muzoona.”

Ipapo Akamira nechiratidzo, nokuti Akati, “Hapana chandinoina kusvika Baba vaNdiratidza kutanga” (Johane 5:19).

VakaMudana—akaramba achienda kure nokumba kwaRazaro. VakaMudana kuti auye kuzomunamatira. Aiziva kuti Razaro aizofa; uye kwapera nguva yakawanda, Akati, “Shamwari yedu Razaro akarara.”

Vakati, “Anoita zvakanaka!”

Akati, “Afa; uye nokuda kwenyu ndinofara kuti Ndanga ndisipo.” (Nokuti vaizoMukumbira kuti amunamatire.) Zvino Akadzoka, akati, “Asi ndinoenda kundomumutsa.” O-o, ini

zvangu! Kwete, “Ndichaenda ndondoona kuti ndingaite sei,” “Ndichaenda kundomumutsa.” Sei? “Baba vaNdiratidza kare zvokuita.”

Akaenda kuguva. Akamirapo Murume; pakamirapo Mwari munyama, aikwanisa kuti kubwe, “Nyongodeka!” uye raibva ranyongodeka; asi Akati kuvakadzi ava, vakadzi ava vainzwise tsitsi, vakadzi vechiduku, akati, “Bvisai ibwe!”

Une chokuitavo. Maona? Zvino vakakungurutsa ibwe; zvikanhuhwa, nokuti akanga onhuhwa kwazvo. Ipapo Akamira. O-o, ini zvangu! Ndinokwanisa kuMuona achizvitwasanudza (nokuti Bhaibheri rakati akanga asina runako rwokuti tiMude; Akanga asingayevedzi kuona. Maona?).

Sezvakangwa zvakaita Dhavhidhi. Akasarudzwa kuva mambo paakanga ari mukomana muduku. Maona? Vose vamwe ava vakuru vakati, “Haangaratidziki zvakanaka here nekorona mumusoro wake?”

“Torai mukoma wake uyu,” Jese akadaro.

Samueri akati, “Mwari amuramba.” Akaunza vanakomana vake vose.

Akati, “Hauna mumwe here?”

“Tino mumwe, asi haangaratidziki samambo. Chikonzero, achiri muduku, anofamba akakotama, mukomanavo zvake.”

“Endai mundomutora!” Zvino paakangofamba pamberi pomuprofita, Mweya wakauya paari. Akamhanya namafuta akaadururira pamusoro pake, akati, “Uyu ndiye mambo wenyu.” Ndizvozvo! Hongu, changamire!

Zvino Jesu akamira ipapo achifamba akakotama, zvichida, musoro wachena kunyangwe iYe akanga asati apfuura makore makumi matatu. (Bhaibheri rakati Airatidzika kunge ana makore makumi mana.) MaJudha akati, “Uri munhu asati— asati adarika makore makumi mashanu, zvino unoti wakaona Abhurahama?”

Akati, “Abhurahama asati avapo, Ndaivapo.” Imiwe, o-o, ini zvangu! Johane 6.

Zvino takazoona kuti, pano Akamira paguva. Aiziva kuti chiratidzo chaizouya kwaAri, aiziva kuti chiratidzo chaizouya. “Bvisai ibwe!” Akanga ava kunhuhwa, akaputirwa nemicheka ari muguva, akanga ava namazuva mana afa; mhino yake yakanga yatodonha kare, panguva iyi.

Akamira ipapo; Akazvitwasanudza, “Ndini Kumuka noHupenyu! Uyo anotenda maNdiri; kunyangwe akafa, achararama.” Ndiudze kuti ndiani munhu angataura mataurire akadai! “Ani nani anorarama achitenda maNdiri haazofi! Unotenda izvi here?”

Akati, “Hongu, Ishe!” Nyangwe akanga Anonoka, kuuya, paakadanwa, haAna kuenda, akadanwa zvakare; haAna kuenda. Asi pano ari kuti, “Asi ndinoziva kuti ndiMi Kristu aizouya munyika.”

Akati, “Razaro, buda!” Zvino munhu akanga afa kwamazuva mana...Nei? Chii? Kristu aiva neMhedziso. Akanga aona chiratidzo; hazvaikwanisa kukundika. Ndizvo. Hazvaikwanisa kukundika! Ainyatsoziva chokwadi.

Uye Marita akanga aine chokwadi! Kana aikwanisa kuti Amuite kuti acherechedze kutenda kwaaiva nako maAri, aizowana zvaaida kukumbira! Ndizvo! Ndizvo zvazvaiva, Mhedziso; inobatana neShoko; uye ndizvo zvazvaiva.

Munhu wose nhasi anoita zvakana mumaonero ake, nokuti hapana muprofita.

Tarisa mumazuva aVatongi. Zvitarise! Mumazuva iwawo (Ndinotenda kuti akanga ari Eria kana Erisha, mumwe wavo. Hongu!) mwana paakanga afa...Mu—mukadzi weShunemi, akaita...

Eria akanga ari munhu waMwari muzuva iri, kwete kungovavo mumwe mudzidzisi akangwara. Sei, akanga ari munhu akwegura aifamba zvake. Aiva...Dai aiuya pa—pamba pako nhasi zvichida waimudzanga. Nyika yose yaimuvenga. Isabheri navamwe vose vaimuvenga, nokuti iye—iye akanga ari paMuzinda woKutonga uye aiita kuti vamwe vakadzi vose vamutevedzere; uye vose vaimutevedzera; na—naAhabhi—aitongwa naye. Hazvina kusiyana nanhasi, zvakafanana; zvino—ndizvo zvazviri. Paiva nomukurumbira—uye vose ndizvo zvavakanga vakaita.

Asi mukadzi wechiduku uyu muShunemi (kwete mukadzi weShunemi asi—hongu, ndinotenda akanga ari muShunemi), paakauya akaona kuti simba iri rakanga riri pana Eria, akati, “Ndinoona kuti uyu munhu mutsvene waMwari.” Zvino mwana paakanga afa, akati, “Tasva mbongoro iyo uye usamira!” Akaenda ikoko...Aiziva...Zvakare ndinofarira izvi, nzira yaakauya nayo; akasvika pamhedziso yake, kwaiva namagumo ake.

Eria akati, “Houno mudzimai weShunemi ari kuuya. Ari kushushikana, asi handizivi kuti chii chakanganisika.” (Maona, Mwari haaratidzi varanda vaKe zvinhu zvose, asi zvaAnongoda chete kuti vazive.) Nokudaro akati, “Mwoyo wake unoshushikana, asi handizivi.” Akati, “Mhanya, enda undovhunza, Gehazi, nokuona kuti chii chakanganisika.”

Akati, “Zvose zvakana here nemi? Kwakanaka here nomurume wenyu? Kwakanaka here nomwankomana wenyu?”

Muonei. O-o, ini zvangu! Ndizvo chaizvo. Akati, “Zvose zvakana.” Sei? Akanga asvika kumhedziso yake. “Zvose

zvakanaka.” Zvino akapfugama... Akapunzikira patsoka dzake, zvino Gehazi akamusimudza. Zvakanga zvisina kunaka—pamberi patenzi wake, akamusimudza; zvino akatanga kumuudza.

Zvino, akanga asina mhedziso zvino. Aiziva kuti aiva nesimba nokuda kwechiratidzo chakamupa mwana, asi zvino, aizoitei? Akatora tsvimbo yake akandopinda mumba, akaiisa—akavhara misuvo yose, akabudisa vanhu vose. Akafamba achitenderera mumba. Aiwana Mhedziso kana aingokwanisa bedzi kubatana naYo. Akatenderera, pose pose ari mumba. O-o, imiwe! Akanzwa chimwe chinhu chichimubata; Akazvitsiwamisa pamusoro pomwana, akabvapo zvakare, akamusiya. Mwana—mwana akapfakanyika, akatanga kudziya muviri. Akafamba achitenderera; akanga asati ava nokubatana kwakakwana neMhedziso. “Chaiva chii, Ishe? Munoda kuti ndiitei?”

Handikahadziki kuti paakatendeuka, akaona chiratidzo: chomukomana uyu achimhanya achitamba, achiuruka netambo, kana chimwe chinhu chakadaro a—achitamba. Akazvitsivamisa pamusoro pomwana; akaisa mhino yake paari, muromo wake pano wake; uye Simba raMwari ndokumutsa mwana kuhupenyu. Chaiva chii? Mhedziso yomukadzi uyu yaiva muprofiti; Mhedziso yomuprofiti yaiva Mwari. Pamwe neShoko, “Ndini Kumuka noHupenyu, simba raMwari, Musiki uyu.”...?... Akamuka zvakare, mwana.

Chokwadi! Chikonzero munhu wose aifamba nenzira yake, ndechokuti vakanga vasina muprofiti wokuti Shoko raShe riuye kwaari. Shoko navaprofiti zvaishaikwa muzuva iro.

O-o, ndakaona izvi pandakatendeuka, muzuva randairarama. Ndinofara chaizvo kuti Mwari akatanga kundibata chechi isati yanditora. Ndingadai dzimwe nguva ndiri munhu asingatendi (hongu, changamire!), ini—nazvose zvine nyonga-nyonga pamwe navanhu vose. “Zvino, uya kuno uve nhengo yedu. Zvino kana usingadi, zvakanaka, unотора tsamba yako woenda kundova nhengo yavamwe.” O-o!

“Haungauyi here netsamba yako mukuyanana kwedu?”

Ndinotenda kuti kune tsamba imwe chete; ndipo apo Kristu paanenge anyora zita rako muBhuku roHupenyu reGwayana. Ndipo chete pariri.

Pandakaona madhinominesheni awa ose... Madziteteguru angu maIrish, aiva maKatorike, zvino ndakaona kuti izvi zvakanga zvakaipa nokuora. Ndakaenda kune imwe chechi yedhinominesheni muno muguta; vakati, “O-o, tisu nzira, chokwadi, nechiedza; tinazvo zvose.”

Ndakaenda kune imwezve kuNew Albany. “O-o, imiwe! Vanhu vari kumusoro uko havazivi zvavanotaura pamusoro pazvo.”

MaKatorike vakati, “Vose vakarashika.”

Ndakafunga kuti, “O-o, imiwe!”

Ndaitamba nomukomana muduku wechiLutherani, ndikafunga—mukomana muduku weGermany Lutheran; ndakaenda ndikati, “Unopinda chechi kupi?”

“Ndinoenda kuchechi *iyi*.”

Ndakaendako, ndikanzwa kuti vaiti ndivo nzira. Ndikaenda kweHama Dale, kuEmmanuel Bhaptisti, kana kuti First Bhaptisti; vakati, “*Iyi* ndiyo nzira.”

Ndakaenda kuchechi yeIrish, vakati, “Asi *iyi* ndiyo nzira.”

O-o, imiwe! Ndakakanganisika; ndakanga ndisingazivi zvokuita. Asi ndaida kuita zvakanaka!” Ndakanga ndisingazivi zvokuita, uye ndakanga ndisingazivi kuti ndinotendeuka sei. Ndakanyora tsamba. Ndakafunga kuti, “NdakaMuona mumasango.” NdakaMunyorera tsamba; ndikati:

Vanodikanwa Changamire,

Ndinoziva kuti Munopfuura napano, nokuti
ndakambogara pano ndichivhima tsindi.

Ndinoziva kuti Munouya napano, uye
ndinoziva kuti Muri pano.

NdinoKudai . . . ndinoda kuKuudzai chimwe
chinhu . . .

Ndakafunga kuti, “Zvino, regai ndimire kwemineti. Ini—hapana munhu wandakamboona handina . . . ndinoda kutaura navo; ini—ndinoda kutaura navo. Ini—ndinoda kutaura naYe.” Ndakafunga kuti, “Zvakanaka zvino, handizivi zvokuita iko zvino.”

Zvino ndakaenda mugaraji ndikandopfugama, makanga makanyorova, nemvura uye mota yakafa yakanga irimo. Zvino ndakati, “Ndinotenda ndakaona mumufananidzo . . . ndinotenda vaisimudza maoko avo *seizvi*,” nokudaro ndakapfugama. Zvino ndakati, “Zvino, chii chandichazotaura?” Ndakati, “Pane nzira yokuita nayo izvi, zvino handizivi. Ndinoziva kuti pane nzira yokusvika nayo pazvinhu zvose, zvino handi . . .

Ndakati (Ndasimudza maoko angu *seizvi*)—ndakati, “Vanodikanwa Changamire, ndinoshuva kuti dai Mukauya mukataura neni kwekanguva. Ndinoda kuKutaurirai kuti ndakaipa sei.” (Ndakasimudza maoko angu *seizvi*.) Ndakaterera. Vanhu vanoti . . . Mwari akataura neni, uye ndaiziva kuti Anotaura, nokuti ndakaMunzwa ndichiri muduku, achindiudza kuti ndisanwe nezvimwe. Haana kundipindura.

Ndakati, “Zvichida ndinofanira kusimudza maoko angu *seizvi*.” Nokudaro ndakati, “Vanodikanwa Changamire, ini—handizivi kuti ndonyatsozviita sei, asi ini—ndinovimba kuti Mucha . . . Mungandibatsiravo here?”

Uye muparidzi wose anondiudza kuti uya uite nhengo yedu, womira wotaura kuti wakatenda Jesu Kristu, uye unotenda kuti Jesu Mwanakomana waMwari. Madhimoni anotenda zvimwe chete, naizvozvo ndakafunga kuti, “Ini— ndinofanira kuva nechimwe chinhu chiri nani kudarika izvozvo.” Nokudaro ndakanga ndakagara seizvi.

Ndakaverenga pakapfuura Petro naJohane napasuvo rinonzi Rakanaka, pakanga pane murume akanga akaremara kubva padumbu ramai vake. Akati, “Sirivheri nendarama handina, asi zvandinazvo. . .” O—o. . . ndaiziva kuti ndakanga ndisinazvo.

Nokudaro ndaiedza ku—kutsvaka kuti ndingazviita sei; ndakanga ndisingazivi kunamata. Ndakatambanudza maoko angu; ndokumaita sezvizi. Zvakadaro, Satani akauya ipapo, akati, “Unoona here? Wakanonoka kuzviita. Watova namakore makumi maviri kare; hapachisina chikonzero chokuedza iko zvino. Wato. . .”

Ipapo ndakashungurudzika ndikatanga kuchema. Zvino, pandakanga ndanyanya kushungurudzika, ndakati, “Ndichataura. Kana Mukasataura neni, ndichataura kwaMuri zvakadaro.” Nokudaro ini—ndakati, “Handina kunaka; ndinonyara nezvandiri! VaMwari, ndinoziva kuti Muchandinzwa pamwe pakadaro. Mungandinzwavo here, ndinonyara nezvandiri. Ndinonyara kuti ndakashaya hanya neMi!”

Panguva iyoyo ndakatarisa mudenga, uye ndakava namamwe manzwiro. Ipapo pakauya Chiedza chichifamba mumba chikaita muchinjikwa, sezvozvo; uye Inzwi randakanga ndisati ndambonzwa muhupenyu hwangu, rakataura. NdakaChitarisa, ndakanga ndava kunzwa chando, ne chiveve, nokuchitya. Ndakatadza kufamba. Ndakamira, ndikaChitarisa; chikabva chaenda.

Ndakati, “Changamire, ini—handinzwisisi mutauro weNyu.” Ndikati, “Kana Musingakwanisi mutauro wangu, zvino ini—handinzwisisi weNyu. . . Uye kana Mandiregerera, ndinoziva kuti ndinofanira kuverengwa mumuchinjikwa uyo, pamwe pakadaro kuti—zvivi zvangu zvinofanira kuva imomo. Uye kana—kana Mukandiregerera, uyai zvakare mutaure mumutauro weNyu. Ndichanzwisisa naizvozvo, kana Musingakwanisi kutaura mutauro wangu.” Ndakati, “Regai Chiuye zvakare.”

Chakauya zvakare. O-o, imiwe! Ipapo ndakawana Mhedziso. Amen! Hongu, changamire! Ndakanzwa sokunge mu—mutoro unorema matani makumi mana wakanga wabviswa pamapendekete angu. Ndakafamba nomunzira, ndichimhanya.

Mai vakati, “Billy, uri kuvhunduka vhunduka.”

Ndakati, “Kwete, Amai, handizivi chaitika.”

Paiva nenjanji yaivapo; ndakamhanya ndichitevedza njanji ndichiuruka mudenga sezvandaikwanisa kuita. Ndakanga ndisingazivi kuti ndoratidza sei manzwiro aiva mandiri. O-o, dai ndaigona kudanidzira! Ndaidanidzira, asi ndaizviita nenzira yangu. Maona?

Chaiva chii? Ndakanga ndaisa mweya wangu paNzvimbo yeZororo. Ndizvo zvakandipa zororo; ndiyo yaiva Mhedziso yangu. Ndakanga ndawana chimwe chinhu, kwete imwe ngano, kana imwe pfungwa. Ndakanga ndataura noMunhu amene. Ndakanga ndataura noMunhu uya akati ndisanwe, kana kuputa, kana kuita chimwe chinhu chaindisvibisa—savakadzi kana zvakadaro; nokuti kana ndakura paizova nebasa rokuti ndiite. Ndakanga ndasangana naYe, kwete chechi; ndakanga ndasangana naYe—naYe! Hongu, changamire! Akanga ari iYe.

Somumwe munhu zasi uko kuKiwani kana ku—akataura nguva shoma yapfuura. . . Mushure meHondo yoKutanga yaPasi pose (Hama Funk vakanga vakamirapo, ivo musoja)—vakataura kuti vaiva. . . (Zvinoita—mungazvinzwa sezingasekesa. Haisi nzvimbo yokutaura zvinosekesa, asi hezvino zvaakataura. Akanga ari kuno kuNew Albany.) Akati, ‘Mukuru akauya nesu, akati, ‘Nyika yose iyo yatorwa namaJapani. Mangwana, Vakomana, tichaendako; tinofanira kuvabvisa.’ Akati, ‘Zivai, Vakomana, pana vazhinji vedu vakamira pano nhasi vanenge vasisipo mangwana. Vachange vasiri pano mangwana; tichaendako, mangwanani kwachena.’ Akati, ‘Zvino, mumwe nomumwe wenyu ngaende kuchinamoto chake.’”

Mukomana uyu akati, “Ndakanga ndisina chinamoto.” Akati, “Akati. . .” Akati, “Ndakamirapo, uye vamwe vose vaka. . .” Akati, “Zvino mukuru wezvokunamata muhondo akauya, vamwe ndokuenda *uko*; maProtestenti vakaenda *uko*, maJudha ndokuenda *uko*, namaKatorike akaendavo *uko* nomukuru wavo.” Akati, “Ini ndakasara ndimirepo.”

Akati, “Mu—mukuru wehondo akati kwandiri, akati, ‘Mukomana, zviri nani uende kuchinamoto chako.’”

Akati, “Handina.”

Akati, “Zviri nani utsvage chimwe, nokuti unofanira kuva nacho; ndine chokwadi.”

Uye akati panguva iyoyo, akaona boka raipfuura ramaKatorike. Akati akaenda akandoti kumuprista, “Mungandipavo here chinamoto?”

Akati, “Uya!”

Akati, “Akapinda neni ndokundiita muKatorike.” (Zvino kuNew Albany uko kwaiva naJohn Howard neboka ramaKatorike aiva akatendeka kwazvo, munoziva, pazvaitaurwa nomukomana uyu.) Zvino akati—akati, “Zuva raitevera muhondo. . .” Aitaura, o-o, kuti zvakanga zvakaite

sei uye akati (munhu muhombe, munoziva)—uye akati vaitanga kurwisana namaoko. Vachibayana namapanga, vachiita ruzha, vachichekana, vachitemana. Vakavhengana, ndokusvika pedo pedo. MaJapanese akavarega vachipinda, saizvozvo, uye pfuti dzechigwagwagwa dzichipfura mativi ose—ivo vachirwisana vari pedo nepedo.

Akati, “Pakarepo, ndakamira ndiri kure sezvizi...” Akati, “Vanhu vose, vachizhambatata vachidaro, zvokuti hawaikwanisa kuzvinzwa pachako.” Akati, “Pakanga pane ropa.” Akati, “Ndakatarisa, rakanga riri ropa rangu!” Akati, “Ndakatarisa *apa*. Pakanga pene buri padivi pangu.” Akati, “Rakanga riri ropa rangu.” Akati, “Ini... Munoziva, ini... ini... ini...”

Zvino mu... Zvino, ishamwari yangu yechiKatorike, ndiri kutaura izvi se—sedambe. Asi muKatorike chaiye, akatendeka akanzi—akanzi, “Wamboita ‘Kwaziwai Maria’”

Akati, “Kwete, changamire!” Akati, “Iri iropa *rangu*. Ndakanga ndisingadi vana sekeritari. Ndakati, ‘Ndinoda kutaura kuMunhu mukuru.’” Akati, “Iri rakanga—rakanga riri ropa rangu.”

Zvino ndinofunga kuti ndiyo nzira yazviri. Hongu, changamire! Ndiyo nzira yazvinofamba nayo. Tinofanira kuva nopatinogumira, Mhedziso.

“Ndakanga ndisingadi vana sekeritari vaKe,” akati, “Ndinoda kutaura naYe.”

Zvino ndizvo zvazviri, hama. Kana munhu auya kuna Kristu, haufaniri kutaura shoko romuparidzi, shoko romunyori, kana chimwe chinhu. Imi maProtestenti, musatora *izvi*, *izvo*, kana *zvimwe*; endai kuMhedziso kusvikira maberekwa patsva, waberekwa patsva, nokuzadzwa noMweya Mutsvene, zvino unoona Bhaibheri richiratidzwa muhunyoro nomurudo kubudikidza nohupenyu hwako. O-o, zvino ndiyo Mhedziso yako. Hongu, changamire!

Ndakaverenga muShoko paAkanga ari Shoko. Pakanzi nechechi yeGerman, “Zvakadai sezvizi,” namaMethodisti, namaBhaptisti, namaKatorike... Asi ndakaverenga muShoko, paAkati, “Pabwe iri ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuvo egehena haangakundi.”

Tererai zvino, mukuvhara. Zvino, maProtestenti vanoti... Zvino, maKatorike vanoti Akaivaka pana Petro. “Iwe ndiwe Petro, uye pabwe iri...” Kwete, haAna zvachose! Kana zvakanga zvakadaro, yakadzokera shure pakarepo. Akaivaka pamunhu. Zvino akaitei?

MaProtestenti vanoti Akaivaka paAri. Kwete! Haana kudaro! Haana kuivaka paAri. Akaitei?

“Ko—Ko vanhu vanoti, Ini, Mwanakomana womunhu, ndini ani?”

Vamwe vakati, “Ndimi Eria, kana Mosesi.”

Akati, “Asi *imi* munoti ndini ani?”

Petro akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari Mupenyu.”

Inzwa mashoko awa zvino. “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi; nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri (hauna kuzvidzidziswa nomuprista; hauna kuzvidzidziswa nechikoro chebhaibheri), asi Baba vaNgu vari kuDenga vazvizarura kwauri. Uye pabwe iri (chizaruro cheShoko chomweya), ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuvo egehena haazoIkundi.

Ndakafunga kuti, “Ishe, ndizvozvo.” Ndakaverenga kuBhuku raZvakazarurwa, 21 chitsa—chitsauko 22, Panoti, “Ani nani (ichi ndicho chinhu chakakwana)—ani nani anowedzera kwaChiri; ani nani achabvisa kwaChiri (kuramba Chakadaro), kana ani nani achaedza kuti Chiratidzike zvakanaka, kuita kuti Chifanane nezviriko nhasi; ani nani achawedzera kana kubvisa, iyeye achabviswa, chikamu chake, muBhuku roHupenyu.”

Ndakati, “Zvino ndizvo chete zvandinoda, Ishe, kutenda *Izvi*. Uye *Umu*, mumuchinjikwa uyu, ndimo makauya Kristu.” Zvakakwana nzira yose, shoko rose raAkataura. Tora Bhuku noruoko *urwu*, watora nhoroondo *norumwe* urwu, uye zvinosimbiswa nzira yose, zvakakwana. Ndikati, “Zvino, Ishe, ndigamuchirei!” Zvino pandakadaro, ndakagamuchira Kristu, Mweya Mutsvene, mumwoyo mangu, Mhedziso yangu. Handisisiri ini.

Ndakarwara imwe nguva pandaka—pandakafirwa nomukadzi wangu; pandakafirwa nomwana wangu; o-o, pandakafirwa nababa vangu, nopandakafirwa nomunin’ina wangu, nomuramu wangu. Uye Billy akanga akarara, achirwarisa, ndakanga ndasvika pakupererwa... ndaifamba nenzira ndichichema, ndichienda kuguva romukadzi (iye nomwana, uye mwana akanga ari mumaoko ake)—ndichienda kuguva. Ndakanga ndichifamba; VaIsler (vaisimbouya kuzotamba kuno, munoziva, Mukuru wedunhu reIndiana), vakanga vachiyuwa nomugwagwa. Vakamisa mota, ndokumhanya kuzondimbundira (maiva mushure memvura zhinji ya ‘37); vakati, “Uri kuendepi, Billy? Kumusoro uko here?”

Ndikati, “Hongu!”

Vakati, “Uri kuenda kundoitei ikoko?”

Ndikati, “Kundonzwa njiva.” Ndikati, “Ndinoenda ikoko ndondogara paguva rake nomwana. Njiva youya, ipapo yotaura neni.”

“O-o,” vakati, “Billy!”

Ndikati, “Hongu! Ndinonzwa kurovanarovana kwamashizha. Anondiimbira, VaIsler.”

Vakati, “Rwiyo rudzii rwaanoimba?”

Ndakati,

There’s a land beyond the river
That they call that sweet forever,
And we only reach that shore by faith decree;
One by one we gain the portal,
There to dwell with the immortals.
When someday they’ll ring them golden bells
for you and me.

Vakati, “Billy, ndinoda kukuvhunza chimwe chinhu.” Vakati, “Ko Kristu anorevei kwauri iko zvino? Kristu anorevei kwauri?”

Ndikati, “Ndiye Hupenyu hwangu, Zvose zvangu. Ndiye zvose zvandinazvo, VaIsler. Ndiye—Mhedziso yangu; ndiYe zvose zvandingada kubata.”

Sei? Pangadai pane chimwe chinhu chakaitika.

Pabwe iri . . .

Vakati, “Ndakakuona uchimira pakona apo uchiparidza kusvikira wava kuita souchafa. Ndakakuona husiku hwose, uchikwira nokudzika nomugwagwa uchindoona vanorwara. Zvino mushure mokunge Atora mudzimai nomwana wako, uchiri kuMushumira chete here?”

Ndikati, “Kunyangwe Akandiuraya, asi ndinovimba naYe.”

Sei? Mwoyo wangu wakabatirira kwaari; ndine Mhedziso. Ndakanga ndazvisungirira kuShoko raKe, uye Shoko raKe rakanga rakandibata. Ndiye Mhedziso yangu. Ndakaona kuti zvimwe zvinhu zvose zvinokundika, asi Kristu haakundiiki.

Chechi yeKatorike ina papa semhedziso; maProtestenti vane mabhishopi avo, nedzidziso dzavo dzavanhu nezvitendwa zvavo, navakuru vavo, asi ini, saPauro . . .

Mune zvinioreso here? Munyore chimwe chinhu! Pa . . . Pauro akati muna Mabasa chitsauko 20 ndima 24, “Hapana zvimwe zvezvinhu izvi zvinondizunguza.”

O-o, vanokwanisa kuva nedzidziso dzavanhu; munokwanisa kuva nezvamunoda, asi zvinhu izvozvo hazvindizunguzi!

Ndarovera mwoyo wangu munzimbo
yokuzorora,
Kusazopinda mumakungwa zvakare,
(Handizivi pava kamira, *apa*, kana *apo*)
zvakare;
Masaisai angasimuka mugungwa rakadzika,
(Vose vangaramba)
Asi muna Jesu ndakachengeteka zvachose

Hongu! Hapana chimwe chezvinhu izvi chinondizunguza, nokuti ndakasungirwa kuMhedziso.

“O-o, kubvira pandakasangana naYe,” Pauro akadaro, “munzira, ndakabva ndasungirwa Mbambo. Akandishandura; Akandidzosa.” Rangarirai, kuti Pauro akanga ari nhengo yesangano zvakare (guru chose munyika), asi akazosungirirwa kuMhedziso.

Tererai! Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu. Akanga ane chinangwa chokundiponesa; Aiva nechinangwa mukukuponesa. Zvino ndino kushinga, nokuda kwaKe, kuzviita, kwete kuwedzera kwaRiri kana kubvisa kwaRiri. (Zvakazarurwa 22:19, kana muchida kuzvinyora pasi). Zvakanaka! Ani nani anobvisa . . . ndakashinga (Ndiri kugadzirira kusiya chechi, uye munozviziva), nokudaro ndino kushinga kuti ndirambe ndine Evhangeri ino kana ndichiri kurarama, Mwari vachindibatsira.

Rangarirai! Hedzino Nyasha. Paiva namamiriyoni akanga achifa muzvivi paAkandiponesa. Ndaiva ani kuti Andiponese? Aiva nechikonzero chokundiponesa, uye ndakazvipira kuzadzisa chinangwa ichi. Handina hanya; magumo angu anogona kunge ava kuswera iko zvino; asi kunyangwe chikava chii, ndichakabatirira. Handina kumboshanduka.

VaIsler vakati kwandiri zuva iroro, tichifamba nomugwagwa; vakati, “Billy, mumatambudziko ose awa wakachengeta chinamato chako here?”

Ndikati, “Kwete, changamire, chakandichengeta.” Maona, maona? Mbambo yangu yakaramba yakabatirira. Zvakanaka. Handina kumbochichengeta; chakandichengeta. Handikwanisi kuchichengeta; hapana nzira yandingazviita nayo, asi chinondichengeta. Ndzivo.

Aiva nechinangwa chokundiponesa. Paiva namamiriyoni akanga ari muzvivi pandakauya kwaAri, asi Akandiponesa. Aiva nechinangwa paakazviita. Rufu rwaKristu rwakava Mhedziso pandakarutya.

Rufu rwaKristu rwakapindura muvhunzo. Rufu parwakaMuruma rwakasiya rumborera . . . Munoziva, nyuchi—kapuka kano rumborera, kana kakaruma—zvakadzika, pakanorega, zvinobvisa rumborera pakari. Rufu rwakagara rune rumborera.

Rufu rwakagara rune rumborera, uye rimwe zuva parwaka—achienda kuKarivhari, achigumhira pamatombo, ropa richierera pamatombo . . . Paraidonhera paguruva paKarivhari, achienda kuGorokota, muchinjikwa uyu waisiya muhwezva weropa romutumbi uyu, muviri usina simba, achifamba ipapo (vachiMurova neshamhu nembama paAikwira gomo); asi Akanga ane Mhedziso. Aiziva paAkanga akamira, nokuti Shoko raMwari rakanga rati kubudikidza naDhavhidhi, “Handingasiyi

Mutsvene waNgu kuti aone kuora; kana kusiya mweya waKe mugehena.”

Aiziva kuti kuora kunoitika mumaawa makumi manomwe namaviri; Akati, “Paradzai temberi ino, uye ndichaimutsa zvakare namazuva matatu.” Akanga ane Mhedziso!

Akanga achikwira mugomo achisekwa, nokupfirwa namasoja akadhakwa, vakamusunga nomucheka kumeso kwaKe, vakaMurova mumusoro, ndokuti, “Uri muprofito, tiudze kuti ndiani akurova!” Apa Aikwira gomo mukunyadziwa nokuzvidzwa kuva—mbatya dzaKe dzakabviswa paAri, akazvidza kunyadziwa, akaremba pamuchinjikwa pamberi pavanhu, asina kupfeka; achifa mukunyadziwa namaRoma pasi pomutongo wapamusoro wehurumende, Murume akanga asina chaakanga aita.

Pane nyaya duku inoti. Maria Magadharene akamhanya akandoti, “Chii chaAkaita? Akapodza varwere venyu, akamutsa nhaka, nokuuyisa rudzikinuro kuna avo va—vakanga vari nhapwa. Chii chaAkaita?”

Zvino muprista akamurova pamuromo, kusvikira ropa rava kubuda, akati, “Unofanira kuterera uyu here kana muprista mukuru?” O-o, nyika yamadhinominesheni iyi; chituko pazviri zvose. Ndizvo. Ndizvo zvazviri.

VakaMutora. Asi paAikwira gomo achidhonza... Dhiyabhorosi akagara achipokana, kuti iYe akanga ari Ani. Akati, “Kana uri Mwanakomana waMwari, shandura mabwe awa ave chingwa. Unoti unoita mashura. Kana uri Mwanakomana waMwari, ita kuti mabwe awa aite chingwa.”

Dhiyabhorosi mumwe chete wakare anorarama nhasi. Ndizvo. “Kana uri mupodzi mutsvene, houno John *Nhingi* agere pano pakona; ndinoziva kuti akaremara; mupodze!” Hamuzivi here kuti ndidhiyabhorosi mumwe chete wakare?

Jesu akati, “Ndinongoita chete...” Tarisai! Akapfuura napadziva reBhetsaidha, pakanga pavete zvuru, zviroma, mapofu, vanokamhina, navakaoma mitezo, akaenda kuno munhu aikwanisa kufamba. Aikwanisa kufamba; zvichida aiva nedambudziko reprostrate. Kana chingadai chaiva chii, chakanga chakakanganisika naye (akanga ava nacho kwamakore makumi matatu namasere). Akati, “Kana ndava kuda kupinda mudziva, mumwe munhu anonditangira.” Aikwanisa kufamba. Akasiya vamwe vose varere ipapo, akaenda kuna iyeyo, akamupodza. Sei?

Akati Aiziva kuti akanga ari muchinhanho ichocho. Zvino vakati kwaAri, vakaMuvhunza pavakaMuona (Johane 5); Akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Mwanakomana haakwanisi kuita chinhu paChake, asi zvaAnoona Baba vachiita...” Ndiyo Mhedziso yaKe. Ndiyo ichiri Mhedziso.

Ndakamira kuFinland zuva riya, uye mukomana uya akavatapo uye, ndakamutenderera iye aripo akafa (akanga afa kwehafu yeawa. Makazviverenga mubhuku)... ndakatanga kufamba ndichibva; mumwe munhu akandibata. Ndakatendeuka; ndikafunga kuti, “Angava ani?” Ndakatarisa zvakare. Ndikafunga kuti, “Mira ndione!” Ndakatarisa papeji yeBhaibheri, “Zvichaitika kuti, mukomana ana makore mapfumbamwe... Achaurawa nemota. Panenge pane miti yakasvibira, namatombo akaturikidzana; motokari ichange yakachinjika mugwagwa, yaparara. Anenge akapfeka masokisi—marefu, nevhudzi rakagerwa; namaziso ake achange apidiguka; mabhonzu omuviri wake anenge akatyoka.”

Ndakatarisa; ndikafunga kuti, O-o, Mwari!”

Ndakati, “Mose chimbomirai!” (Meya weguta akanga aripo.) Ndikati, “Kana mukomana uyu akasamira netsoka dzake maminetsi maviri kubva zvino, ndiri muprofito wenhema. Ndidzingei muno muFinland.” Chokwadi! “Asi kana zvikaitika, munofanira kupira hupenyu hwenyu kuna Kristu.” Ndizvozvo. Vakamira.

Ndikati, “Baba vari kuDenga, mhiri kwegungwa, makore maviri apfuura, Makataura kuti mukomana uyu achange akarara pano...”

Pakanga pane Hama Moore neHama Lindsay, vakazviona. Zvino kwose kwose, mungadai makazvinyora muBhaibheri; nezvuru zvamaBhaibheri munyika zvakanga zvakanyorwa chiratidzo ichi. Chaiva chii? Mhedziso.

Baba vakanga vandiratidza zvaizoitika. Ndakanga ndisina kutya ndimirepo—Mhedziso. Chokwadi, achamuka.

Ikoko kuFinland, zvuru zvavanhu zvichiuya husiku hwoga hwoga (zvokuti vaitobudisa vamwe kunze—kuti vamwe vagare; vaibudisa vamwe kunze kuti vamwe vagare), ipapo akamira ne... Vanhu vose—vaidida; uye vakanga vaona vanhu vachipodzwa, asi pano pakanga pane mukomana akanga afa. Chii chaiva Mhedziso? Chiratidzo. “Ndinoita zvandinotaurirwa naBaba kuti ndiite. Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita iye achaitavo.” Ndipo pane Mhedziso yako.

Ndakati, “Rufu, haukwani kuramba wakamubata; Mwari ataura! Regedza; murege!” Zvino mukomana muduku uyu akamuka akatarisa seizvi; vanhu vakatanga kufenda nazvose zvakadaro.

Hezvino, zvakanyorwa ipapo nokusimbiswa nameya weguta, noruzhinji. Ndizvozvo! Chii? Mhedziso. Jesu Kristu haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Handiye here Mwari mumwe chete akamisa mukadzi aibva Naini no—nomwanakomana akafa.

Kana munhu afa mumazuva iwawo, vaikurumidza kumuviga; vaisamurega achigara kwenguva refu; vaimuviga.

Houno Jesu Kristu asingashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi. Hongu!

Tarisai kuMexico apo mwana muduku uya (vamwe venyu vari pano—vakagara pano), uye mwana uyu (chirembe akanga anyora sitatimendi; zvakanyorwa muChristian Business Man), mwana uyu akanga afa nenguva dzepfumbamwe mangwanani iwawo, zvino dzakanga dzava nguva dzegumi husiku. Zvino mudzimai uyu haana kukwanisa kunyaradzwa. Billy akamirapo, mwanakomana wangu, achiedza kumumisa, zvino iye. . . Zvino, ivo, ndinofungidzira, vakanga vari mazana maviri amaasha akanga akamira ipapo; asi iye aikwira napamusoro pavo. Husiku hwokutanga, bofu rakapodzwa; uye iye aizviziva. (Aiva muKatorike.) Asi kokupedzisira, ndakati, “Endai, Hama Moore, mundomunamatira, nokuti mwana. . .” Kwakanga kuchinaya, kuchinaya kwazvo, vakanga varipo kubva mangwanani, (vari munhandare). Zvino ndakati. . . (Kohusiku hutatu, vaindipinza netambo kuti ndisvike panzvimbo iyi.) Ndakamirapo, ndikati, “Sezvandanga ndichitaura. . .” (ndichiparidza) zvino ndakatarisa; ndakaona kamwana kaduku pamberi pangu, kamwana kaduku kechiMexico, kasina mazino, kakagara ipapo, kachindisekerera—kari pamberi pangu. Ndikati, “Imbomirai zvishoma, Hama Moore, uyai naye pano.” O-o, Mhedziso!

Maasha akamurega achiuya; akauya. Akawira pasi akati, “Padre, Padre!”

Ndikati, “Simukai!”

Zvino Hama Espinoza vakati, “Simukai (vachimuudza neSpanish).” Akasimuka.

Ndakati, “Baba vokumusoro kuDenga, ndakamira pano mumvura. . .”

Mudzimai akanaka wechidiki angaita makore makumi maviri namatatu, kana akadaro, vhudzi rake rakarembere, akatarisa mudenga sezvizvi, matarisiro ake—aiva netariro; akanga aona murume aiva bofu kwamakore makumi mana, achizaruka meso ake papuratifomu. Aiziva kuti kana Mwari achikwanisa kuita kuti bofu rione, Aikwanisa kupodza mwana wake. Akaramba aripo, mwana akafa akaputirwa negumbeze seizvi, akanyorova. Akanga amirapo mangwanani ose namasikati iwawo zvakare. Zvino dzakanga dzava nguva dzegumi neimwe—kana dzegumi husiku ihwohwo, kana zvakada kudaro, akabata mwana uyu (makaona nyaya iyi muChristian Business Man) imomo, akabata mwana uyu saizvozvo.

Ndakati, “Baba vari kuDenga, handizivi kuti izvi zvinorevei. Ndinongova muranda wenyu, asi ndaona mwana uyu akamira uko; ari mupenyu. Ndinoturika maoko angu paari muZita raShe Jesu.

Akati, “Waa!” Akatanga kuchema. Mai vake vakamumbundira ndokutanga kudandizira, vanhu vakatangavo

kudanidzira, vakadzi ndokutanda kufenda, nezvakadaro. Ndakati, “Musawana chamunotaura pamusoro pazvo. Tumai munhu amhanye nomwana uyo—namai vacho, muende kuna chiremba, uye agonyora sitatimendi yokuti mwana uyu anga afa. Akanga afa namabayo mangwanani uye—kana kuti mangwanani acho nenguva dzepfumbamwe.” Zvino takawana sitatimendi yakanyorwa nachiremba; mwana akanga anzi afa muhofisi yachiremba mangwanani acho, mai vake ndokuswera vakamutakura. Chaiva chii? Mhedziso!

Chaiva chii? Aitenda kuti kana Mwari aikwanisa kusvinudza maziso, ko, Mwari aikwanisa kumutsa vakafa; nokuti haAshanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi! Ndakanga ndisina chokwadi; ndakanga ndisingazivi kusvika ndaona. Uye pandakaona mwana, yakanga iri Mhedziso. Mhedziso yachokwadi! Heyo yaivapo. Rufu runototi rusiye warwabata.

Pano paifamba Mwanakomana waMwari; rufu ruchibhururuka paAri. “A, ko aiva sei muprofiti! Ko Aimirapo sei achirega—vachipfira kumeso kwake? Aimirapo sei achirega vachimusvotesa pasina chaaiita pamusoro pazvo! Haangavi Emanueri! Anongova munhuwo zvake. Onai kusvoteswa kwaaitwa nezvidhakwa namasoja akadhakwa. Onai kumeso kwake kuchibuda ropa!”

Wakaipa akati, “Ndichamuwana. Ndichamuwana.” Hoyo ndokuuya senyuchi, norumborera rworufu, achitenderera paAri. Asi, hama, nyuchi iyi payakaisa rumborera rwayo muna Emanueri, payakamuruma, yakarashikirwa norumborera rwayo, kunyangwe norufu pacharwo.

Ndicho chikonzero Pauro akazokwanisa kurutarisa kumeso achiti, “O-o, rufu, rumborera rwako rurupi; guva, kukunda kwako kuripi? Mwari ngaavongwe, Anotipa kukunda.” Rufu rwaKristu rwakava Mhedziso kumunhu wose wairutya.

Mwoyo wangu unoti “ameni” kuShoko rose riri muBhuku raKe. (Ndava kuvhara, chokwadi iko zvino. Ndochipedzisa izvi. Maona?)

Ndicho chikonzero ndichiziva kuti Mweya Mutsvene ndiyo Compass yangu inonditungamirira. NdiWo Unondizivisa kuti Shoko iri ichokwadi; ndiWo Mhedziso yangu; ndiWo Zuva rangu; ndiWo Hupenyu hwangu; ndiWo Mbambo yangu! Kana matambudziko auya, ndiWo Nyeredzi yangu yoKumaodzanyemba. Kana ndarashika, Mweya Mutsvene iCompass yangu inondizosera panzvimbo.

Madhinominesheni akafanana nedzimwe nyeredzi; dzinofamba pamwe chete nenyika. Dzimwe nyeredzi dzinofamba panofamba nyika, asi kwete Nyeredzi yoKumaodzanyemba. Nyika inokwanisa kufamba kwainoda, asi iyo inoramba imire. O-o, hongu! Nyeredzi yoKumusoro yakanyatsomira. Dzimwe dzinofamba famba; munokwanisa kudziona pano naapo, uye

kwose kwose. Ndizvo zvakaite chechi dzamadhinominesheni. Asi Kristu ndiye Mhedziso. Ndiye waunokwanisa kuvimba naYe. Kana madhinominesheni akukanganisa, tarisa kuNyeredzi yoKumaodzanyemba. Mweya Mutsvene ndiyo Compass yako.

Anoramba akatendeka kuShoko raKe. Pavakandiudza kuti zvinhu izvi hazvikwanisi kuitika mazuva ano, ndakaziva—kuti kana—kuti—kana kusina Mwari, zvino raramai, idyai, inwai, mufare. Kana Mwari ariko, ngatiMushumirei. Zvino ndakararama muzuva randakaona Achiita zvose, kunyangwe kusvika pakumutsa vakafa paAkanga ari pano panyika. Zvino tinoziva namasitatimendi kuti ichokwadi. Hongu, changamire! Ndiye Mhedziso yangu.

Zvino, Muite Mhedziso yako. Mutore pa—panguva yamatambudziko, iYe nguva dzose iMhedziso. Zvino tarisai, nenyasha dzaMwari. . . (Zvino, zviri nani kuti ndivhare. Nguva dzapera. Zvakanaka tarisai pano, ndanga ndichifunga kuti inguva dzegumi neimwe; zvino dzava 12:30.)

Shamwari, zuva rose, husiku hwose, gore rose, kuenda muZiendanakuenda haukwanisi kutaura pamusoro pazvo. Usaedza kuita zvokufungidzira. Haukwanisi. Hapana nzira yokuzvifungidzira nayo. Unoti, “Hama Branham, kana—kana muka. . .”

Handizivi; ndinongotenda; ndakarega kuita chimwe chinhu pamusoro pazvo; ndinongozvitenda. Ndizvozvo. Maona? “Kwete uyo anomhanya, kana uyo anoda, ndiMwari anonzwira nyasha.” Maona? Kwete namabasa, ndezvenyasha. Maona? Tinozvitenda. Mwari. . . Zviri kwaAri kuti aite zvimwe zvose. Zvitende. Zvirarame.

Rumbo runozikanwa, ndakavanzwa vachi—vachirumba pano kana kumwe:

Oh, love of God, how rich and pure!
How fathomless and strong!
It shall forevermore endure,
. . . saints' and angels' song.

Munhu akaedza kuzvinzwisisa nesamhu dzake, kana kuedza kuzvinzwisisa nokudzidza kwake, zvinomupengesa. Haukwanisi kuzviita. Usaedza kuzviita. Usaedza kuzvinzwisisa; Mwari haakwanisi kunzwisiswa. Haukwanisi kunzwisisa Mwari, iwe ingotenda Mwari. Ndicho—ndicho chakavanzika. Usaedza kuzvinzwisisa, ingozvitenda. Handikwanisi kukutaurira kuti zvinorevei; handikwanisi kukutaurira kuti zvinoitwa sei. Ndinongoziva, ndinongozvitenda; ndizvozvo.

Sezvaungaita, kana ukavimbisa mwana wako muduku chinhu, anozvitenda. Unofanira kuzadzisa shoko rako. Uri mwana waMwari. Iye anochengeta Shoko raKe; ingoRitenda chete. Usazunguzwe; ramba uripo. Mwari akambozviita imwe nguva, Anofanira kuzviita zvakare. Kana Akasadaro,

Anokuudza kuti chii chikonzero Asina kuzviita. Uye ndizvozvo. Zvino, gara nazvo.

Unoziva, iyi ndima imwe chete iri apa. . . ndinotenda hama yedu inokosha iyo (yakabhabhatidzwa husiku hwapfuura) inoimba ruyo irworwo, *Oh, Love of God*. Vanondiudza kuti ndima iyo, chikamu chayo ichi, chakawanikwa chakanyorwa pamadziro emba inogara mipengo, panoti:

Kana neingi tikazadza makungwa,
 Uye dai matenga ose ari chinyorero;
 Nomuhenga wose uri panyika chiri
 chinyoreso,
 Nomurume wose aripo ari munyori.
 Kunyora rudo rwaMwari ari kumusoro
 Zwaiomesa makungwa ose,
 Kana painyorerwa pachu hapaikwana,
 Kunyangwe pakatambanudzwa kubva
 kudenga kusvika kudenga.

Pafungei, kuti zvikamu zvitatu kubva muzvina zvenyika zviri mvura. Zvino onai hydrogen, neoxygen iri mumhepo, mwando nezvimwe. Maona? Dai mwando hwose waiva ink, zvino fungai mamiriyoni, namamiriyoni, namamiriyoni akapetwa ohuswa zviri zvinoyoreso. Zvino mofunga zvuru zvavanhu vakambova panyika uye mumwe nomumwe wavo basa rake riri rokunyora. Kunyika zvinoyoreso izvi mugungwa vachiedza kunyora nezvorudo rwaMwari zvairisiya raoma; kunyangwe gwaro rakapetwa haraikwanisa kuzvitora zvole, kunyangwe rikatambanudzwa kubva kuZiendanakuenda kusvika kuZiendanakuenda.

Usaedza kuzvinzwisisa; haukwanisi. Unopenga kana ukaedza kuzvinzwisisa; ingozvitenda. Muite Mhedziso yako! Mira ipapo; rugare runotapira nechitiko chausingazokanganwi, chinouya kwauri, uye Mhedziso yako inozosungirirwa munzvimbo tsvene. Ngatikotamise misoro.

Muri Mukuru! Muri Mukuru! Vangani muno takakotamisa misoro yedu mangwanani ano. . . Tava kusvika muGore Idzva zvino; uye manga muchinamata kwazvo (zvino zvakanaka, ndinozvifarira, mumwe nomumwe wenyu. Ndine chokwadi chokuti Mwari anodarovo), asi kana wanga usina chitiko cheMhedziso ichi, chimwe chinhu chinokuita kuti usaedzesera kutenda, hauiti zvokufungidzira, asi chimwe chinhu chakataura newe. Zvino kana ukazoona hupenyu hwako huchishanduka kubva panguva iyoyo, uye Shoko rose raMwari, vimbiso yose uchibvumirana nayo ne "Ameni." Saka wakabata Mhedziso, nokuti zivai, Akati, "Denga nenyika zvingapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri." Hausati wasvika panzvimbo iyi yokuti ungati "Ameni" kuShoko rose, kunyangwe zvichipesana nedzidziso yako yavanhu, kunyangwe

zvichipesana nedhinominesheni rako; asi uri kuda kusvika panzvimbo iyi saMosesi, savamwe vose (vasina kukwanisa kuzviita kusvika vabata Mhedziso), uye munozvida muhupenyu hwenyu mangwanani ano, mungazviratidza here nokusimudza maoko enyu kuna Mwari. Mwari akuropafadzei. Zvakana, changamire. Vanhu vose vari muno.

Baba vane Nyasha, ndinoziva kuti imwe nguva tinofanira kuparadzana. Panofanira kuva nenguva yatichabva pano panyika. Hatizivi kuti ndirini, uye hazvinyanyi kuita mutsauko mukuru. Kana nguva yedu yapera, tinoda kuuya kwamuri. Chinangwa chedu chokuva pano kuKushumirai.

Uye ari munzira yokundoparadza rimwe zuva, Pauro paaiva munzira yokuenda kuDhamasko kundotambudza Chechi, Chiedza chakamupofomadza. Zvino o-o, Mwari, Chiedza ichi chakamutevera, nokuti Chaiva Kristu. Zvino akasunganidzwa neMhedziso zvokuti kunyangwe rufu pacharwo, aiseka akatarisana narwo, achiti, “Mwari ngaavongwe, Anotipa kukunda kubudikidza naJesu Kristu.”

Makava Mhedziso yakakwana kumuApostora uyu. Avivo. . . Maiva Ameni kwaari, pamutsara wose. Maiva Nyeredzi muhupenyu hwake, noMutungamiriri. Maiva Compass yaimutungamirira mudutu. Maiva Chizaruro; Maiva Chiratidzo; Maiva Tariro yake, Ruponeso rwake. Kunyangwe panguva yorufu, paaiziva kuti ari kuenda kwarwuri, Makanga muri Mhedziso yake.

Makanga muri Mhedziso yaDhanieri. Maiva Mhedziso yavaprofita vose. Pakati pokurwisana namadhinominesheni, namatambudziko ezuva ravo, naMaFarise namaSadhuse, kunyangwe zvakadaro pane mumwe munhu akaKutorai seMhedziso.

Zvino nhasi, Ishe, varume navakadzi vano kunzwira, vano rudo, uye—uye mwoyo yavo inorwadziwa, Ishe, kuti vawane chiiitiko chaicho chokuziva Mwari, nokuva—nokugutsikana kwokuva nemhedziso, dzimwe nguva vanhu ava chavakaziva chete, Ishe, kwaiva kuva nhengo yechechi. Uye munoziva, sezvandakaedza nokuperera kwose, kwete kuti ndive ndinopesana navamwe (Munoziva mwoyo wangu), asi kuvaudza kuti havakwanisi kuva nhengo yeChechi, vanongova nhengo yelodge, yeMethodisti, Bhaptisti, Katorike, nePentekosti; asi kuti vanoberekwa muChechi—Mutumbi usingaonekwi waKristu, vova nhengo dzoMutumbi waKe, nezvipo zvoMweya zvinoita kuti Mutumbi waKe mukuru ufambe nesimba.

Mwari, ndizvo zvareva maoko awa mangwanani ano paasimudzwa. “Nditorei, o-o, Ishe. Nditorei, mundiumbe, mundiite; kuti nzvimbo yangu muhupenyu ive neMhedziso, ndakasungirirwa kuna Kristu, uye kuti ndisafunga chimwe

chinhu kunze kweMhedziso iyi.” Zviitei, Ishe. Varopafadzei. Podzai vanorwara navanotambudzwa. Ponesai vakarashika.

Zvino, Ishe, tinoziva kuti itsika yokudana vanhu kuartari, asi iyi yava tsika kwatiri. Uye mangwanani ano namaartari azere va—vana vaduku na—navamwe. . . Asi, Ishe, neimwe nzira Mataura navo; vasimudza maoko avo. Vaita—vaita, sarudzo. Vanoda, ivo-ivo-vanoda chimwe chinhu chaicho; uye ndinounza munamoto wangu ndakavamiririra. Ngazviitwe kuno mumwe nomumwe wavo, Ishe.

Ivai nesu zvino, mukanganwire zvivi zvedu, nokupodza urwere hwedu, nokutipa kudzikinurwa kwatinoda.

Zvino, Ishe, pamusoro pezvinhu zvose, dai tikasakanganwa nhasi kuti tasungirirwa paMhedziso, Nyeredzi yedu yoKumaodzanyemba, kuKarivhari, kuna Kristu, zvino Mweya Mutsvene unotora maShoko aMwari nokuaita kuti aonekwe kwatiri nokupodza varwere, nokutiratidza zviratidzo, nokumutsa vakafa, nokuita zvaAkavimbisa kuti achaita.

Zvino dai chechi ino navanhu ava, chikamu choMutumbi waKristu vakaungana pano mangwanani ano, vararama sokurarama kwakataurwa naJesu kuti tinofanira kurarama: “Muri munyu wenyika.” Zvino dai vanyatsoita munyu, kusvikira vanhu vomunharaunda yavo vanzwa nyota. Munyu noitisa nyota, uye munyu unokwanisa kushanda kana wasangana nechimwe chinhu. Zvino ndinonamata, Mwari, kuti Muzviitire vanhu ava, kuti vakwanise kuponesa mweya.

Ropafadzai mufudzi wedu, Hama Neville, muranda wenyu anozvininipisa, Ishe, amire pabasa nokuremekedza, senhengo yoMutumbi waKristu, achiedza nazvose kutevera zvose zvaMunomuudza.

Ropafadzai vabati vehomwe, varume ava vakamira neni zvakaperera munguva iyi huru, yandakapfuura nomairi. Mirai neChechi, yakanamata ikamira neni munguva dzamatambudziko. Ishe, ndinovada, uye ndinonamata kuti vatarise kwaMuri, Ishe. Ngavarege kutarisa muranda wenyu wenyama; dai vakatarisa kwaAri, Anoziva Zvose, Anova. . . Uye tinoziva, Ishe, kuti hatizivi zvinhu zvose. Hazvina mhosva kuti tiri ani, tichiri vanhu venyama. Kwete mutumwa, asi Mharidzo yake. Zviitei, Ishe. Ndiko kwatinonongedza kuna Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Itai kuti Ave wechokwadi kumunhu wose ari pano nhasi, kunyangwe kuvana vaduku, kuti Ave Mhedziso kuungano yose. Tinozvikumumbira muZita raJesu. Amen.

I love Him, I love Him,
Because He first loved me,
And purchased my salvation
On Calvary's tree.

Zvino, tichiimba zvakare, kwazisana nomunhu ari pamberi pako, shure kwako, naari parutivi rwako; mose kwazisanai zvino. Rambai makagara; ingotendeukai mukwazisane kana muchikwanisa. Maona?

I love Him, I love Him,
Because He first loved me,
And purchased my salvation
On Calvary's tree.

Vazivisa kuti kune Chirairo pakati pohusiku hwoMuvhuro. Ngatisimudze maoko edu zvino tiimbe kwaAri. Vangani—vangani vanonzwa kuti—ndiYe Mhedziso yavo? Shoko, iYe iShoko. Munozvitenda here? Ndiye Shoko, uye Mweya Mutsvene unomutsiridza Shoko iri kuti Chiedza chirarame mamuri, cheShoko, kusimbiswa kweShoko. Isai Shoko mumwoyo menyu; regai Mweya Mutsvene upinde mamuri, zvino tarisai muone Shoko richifamba. Tendai, zvininipisei; usashuva kuva mumwe munhu mukuru; ivai vanhu vasina maturo, kuti Mwari azokuitai vanhu vanokosha. Maona? Zvakanaka. Zviitei iko zvino.

Munhu wose anoMuda ngaati, “Ameni!” [Ungano inopinura, “Ameni!”—Mupepeti.] Munoziva here kuti shoko iri rokuti *Ameni* rinorevei? “Ngazvive saizvozvo.” Ameni! Ndizvozvo.

Ngatiti, “Hareruya!” [Ungano inopinura, “Hareruya!”—Mupepeti.] Munoziva here kuti zvinorevei? “Mwari wedu ngaarumbidzwe!”

Pandakanga ndiri kuGermany nguva shoma yapfuura, ndakamira pamberi pezvuru zvingasvika makumi matatu kana mana zvanvanhu musi wacho, zvino ndakati, “Ichi chinhu chinoshamisa kuti imi vanhu vomuGerman hamukwanisi kundinzwisisa.” Ndakati, “Ndiri munzira ndichiuya kuno nhasi, imbwa yandihukura nechiRungu. Ndizvo.” Ndikati, “Haina kunetseka. Zvino panga pane shiri, uye yandiimbira nechiRungu. Ndadzika nomugwagwa, zvino pana mai vanga vane mwana mucheche mumaoko, pandapfuura nokumashure uko.” Zvino ndavati, “Mwana uyo anga achichema nechiRungu. Chii chinokunetsai imi vanhu?” Ndizvozvo. O-o, ukatarisa, Ari kwose kwose, haAko here? Chokwadi Ariko.

Zvino, ngatisimudze maoko edu, tovhara maziso edu, toimba, tichisiira mufudzi kuti auye kuzovhara musangano. Ngatisimukei kutanga. Munhu wose ngaasimuke. Munhu wose, unoMuda here, zvakare iko zvino? Itai, “Ameni!” Zvino munoziva here, kuti inzwi rokuti *Hareruya* rakafanana mumutauro wose? Enda kumaHottentoti okumasango omuAfrica; *Hareruya* inzwi ndiro rimwe chete. Hareruya! Kunofanira kuva kukwazisana kwamaKristu, handizvo here? Hareruya! Inzwi iri rinoreva “Mwari wedu ngaarumbidzwe.” Uye Akazvikodzera, haAna here? Ndiye chaiye Muponesi wangu;

ndiYe chaiye Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, kwandiri.
Ndiye chaiye zuro, nanhasi, nokusingaperi kwandiri. Ndizvo
here zvaAri kwauri?

I love Him, I love Him,
Because He first loved me,
And purchased my salvation
On Calvary's tree.



MHEDZISO SHO62-1230M
(Absolute)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa muchiRungu musi weSvondo mangwanani, 30 Zvita, 1962, paTabhernakeri yaBranham kuJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakatorwa kubva patepi ikanyorwa nokudhindiswa muchiRungu isina kushandurwa (kukamurwa). Kududzirwa muShona uku kwakadhindiswa muna 1994 ne Voice of God Recordings.

SHONA

©1994 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org